ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№107 (22.515) • 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Зэрызэдэлэжьэнум топсэлъыхь

Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Налшык лэжьыгъэ Іуэхук Іэ къэкІуа, Федеральнэ казначействэм и унафэщІ Артюхин Роман.

ДИ ЩІЫНАЛЪЭМ и экономикэм иІэ зэфІэкІхэм я гугъу щищІым, КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ хэхауэ мэкъумэш хозяйствэм иІэ ефІэкІыныгъэхэр. Абы къызэрилъытэмкІэ, мэкъумэшыщІэхэр тэмэму лэжьэн папщІэ, ди деж зыхуэбгъэдэн щымыІэ ІэмалхэР щызэтеуващ. Республикэм хузэфІэкІынущ пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкІыу къэралыр зыхуейм и нэхъыбапІэр кърихьэлІэн, ахэр нэгъуэщІ къэралхэм къремышу ищІын папщІэ. «Дэ жыг хадэу гектар мини 10 хэтсэну ди мурадщ. Абы и фІыщІэкІэ, къэралыр пхъэщхьэмыщхьэу зыхуэныкъуэм процент 80-м нэблагъэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, иджыпсту адрей къэралхэм къыщащэхум хуэдиз ди мэкъумэшыщІэхэм кърахьэлІэнущ», - къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Жыг хадэхэм зэрызаубгъум къыдэкІуэу, иужьрей илъэсхэм теплицэхэм я бжыгъэхэми хохъуэ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым еухуэ Италием щыщ ІэщІагъэлІхэм ящІыгъуу. Абыи щІэупщІэ зиІэ хадэхэкІхэр къет. «Ди деж къыщрахьэлІэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІымрэ я фІагъыр дэ урысей, дунейпсо рынокхэм хэІущІыІу зэрыщытщІыным икІи зэрыпхыдгъэкІыным яужь дитынущ», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Іэтащхьэм хьэщІэр апхуэдэу щыгъуазэ ищІащ Швейцарием и лІыкІуэ иджыпсту республикэм зэрыщыІэм. А къэралым и компаниехэр дэ къыддолажьэ Май районым полимер къабзэхэр къыщІэзыгъэкІ завод щыухуэнымкІэ. А ІуэхущІапІэм инфраструктурэ щхьэхуэхэр нагъэблэгъащ. Абыхэм трагъэкІуэдэн папщІэ, УФ-м и Инвестицэ фондым и ахъшэу сом мелард 1,5-рэ къиутІыпщащ.

Къанокъуэ Арсен апхуэдэу тепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым нэгъабэ и накъыгъэ мазэм къыдигъэкІа указхэр гъэзэщІа зэрыхъум. Мы Іуэхум республикэм и унафэщІхэм гулъытэшхуэ хуащІ. А указхэм япкъ иткІэ, зыхуэфащэ ІэнатІэхэм къалэн инхэр хуагъэуващ. Бюджетыр къызэрызэгъэпэщамкІэ дэ дяпэ Ставрополь крайм фІэкІа имыт пэтми, иджыпсту ахъшэр къыдомэщІэкІ, абы къыхэкІыу зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр дгъэзэщІэн папщІэ, бюджет кредитхэр къэдгъэсэбэпын хуей хъуну къыщІэкІынщ. Апхуэдэу, республикэм и Іэтащхьэм къызэрилъытэмкІэ, къэралым и Іэтащхьэм къигъэува Іуэхухэр нэсу дэкІын папщІэ, экономикэм щІэгъэхуэбжьауэ зегъэужьын хуейщ. Мыбдеж мэкъумэш ІэнатІэм къыдэкІуэу, хуэфащэ гулъытэ игъуэтыпхъэщ туризмэм и ІэнатІэм, псалъэм папщІэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ щІыналъэ хэхахэр къыщызэгъэпэщыным, а зыгъэпсэхупІэр «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм щІыгъуу зэтегъэувэжыным.

Къанокъуэ Арсен къыхигъэщхьэхукІащ КъБР-м и властхэр УФ-м ФинансхэмкІэ и министерствэм тэмэму зэрыдэлажьэр икІи абы республикэм дэІэпыкъуныгъэшхуэ къызэрыритыр, хуей щыхъум деж, бюджет кредитхэмкІэ къызэрызэригъэпэщыр. А псоми къадэкІуэу, КъБР-м и Іэтащхьэм къызэрилъытэмкІэ, щІыналъэхэр, псом хуэмыдэу дотацэхэр зэпымыууэ зыгъэмащІэхэр, Іуэхум зэрытрагъэгушхуэ Іэмалхэр яубзыхупхъэщ.

Артюхин Роман къыхигъэщхьэхукІащ финанс органхэмрэ казначействэмрэ зэрызэдэлажьэр егъэфІэкІуэным икъукІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, езыри а мурадым къызэрытекІухьар. Апхуэдэу тепсэлъыхьын хуейщ Бюджет кодексым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ къэув къалэнышІэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

Республикэр зэрефІакІуэм и нэщэнэ

● Промышленность

Полимер къабзэхэм щелэжьыну «Этана» заводым и ухуэныгъэр мэкъуауэгъуэм и 8-м Май районым щрагъэжьащ. Иджырей ІуэхущІапІэр щагъэувыну щІыпІэм деж лъэныкъуэ куэдкІэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щыщІадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, «Этана» ООО-м и унафэщІ Іэщын Сергей, «THYSSENK-RUPPUH-DEGтьН» компанием и директорхэм я советым щыщ Лазаридис Саввасэ сымэ.

УХУЭНЫГЪЭР езыгъэжьахэм яхэтащ УФ-м и Президентым деж хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ уполномоченнэ **Титов Борис**, проектым и дарэгъу урысей, хамэ къэрал компаниехэм я унафэщІхэр, депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, республикэм и бизнес зэгухьэныгъэмрэ жылагъуэ организацэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

Къанокъуэ Арсен «Фынежьэ» зэрыжиІэу, зэхуэсахэм я Іэгуауэр щІихъумэу, техникэ лъэщхэр ягъаджэри, ухуакІуэхэм лэжьыгъэм щІадзащ. Заводыр 2016 гъэм и пэщІэдзэм ятыну я мурадщ. Апхуэдэу цІыху минищ щыпсэуну посёлкэщІэ ягъэтІысынущ.

Полимер къабзэхэр къыщыщІагъэкІыну иджырей предприятэр Урысейм къыщызэрагъэпэщ «Плана» Агроиндустриальнэ парк промышленно-производственнэ лІэужыгъуэм и япэ экономикэ щІыналъэ хэхам и лъабжьэщ. Ар кластериблым тещІыхьащ.

«Этана» проектым и дарэгъущ мэкъумэш, ерыскъы, щІыдагъэ, химие, ухуэныгъэ, технологие ІэнатІэхэмкІэ дуней псом щыпашэ «Тюссен Круп» - (Германие), «Бюллер АГ» - (Швейцарие), «Удэ Инвента Фишер», «Ренейссанс Констракшн» (Тырку), «Лотте Кемикал» (Корее), «Хитачи Плант Технолоджис» (Японие), «Янсен Депперинк» (Нидерландхэр) компание лъэрызехьэхэр. Экономикэ щІыналъэ хэхам и къызэгъэпэщакІуэхэм я мурадщ дяпэ илъэси 5 - 10-кІэ лэжьапІэ ІэнатІэу 15800-рэ къызэІуахыну.

Сом мелард 15 - 20 и уасэ инвестицэ проектым и етІуанэ Іыхьэр гъэзэщІэн щІадза нэужь, Къанокъуэ Арсенрэ Титов Борисрэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

Къызэхуэсахэм республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэм кІэ ехъуэхъури, хьэщІэм къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым жыджэру зэрызиужьыр, зи мылъку къыхэзылъхьэну хуейхэм щытыкІэфІ къызэрыхузэрагъэпэщыр.

- Іуэхушхуэм зэрыщІэвдзэр ди нэгу щІокІ. Мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэфІхэр, зыужьыныгъэм хуэунэтІа ухуэныгъэ инхэр плъагъуну хуабжьу гуапэщ. Фи щІыналъэм туризмэм зыщегъэубгъуным мыхьэнэшхуэ иІэщ, абы къыдэкІуэу, промышленностым и ІэнатІэхэм инвестицэ мылъкушхуэ зэрыхузэщІэвгъэуІуэр зыузэщІыныгъэ нэрылъагъухэм я нэщэнэщ, республикэм и зэІузэпэщыгъэм и шэсыпІэщ, фи щІыпІэми къэралми я экономикэм и лъабжьэр зыгъэбыдэ Іуэхугъуэщ, - къыхигъэбелджылыкІащ Титов Борис.

Абы и псалъэм пищэу, Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ ирагъажьэ ухуэныгъэр республикэм щагъэзэщІэну я мурад инвестицэ проект инхэм я щІэдзапІэу зэрыщытыр.

- Тегушхуауэ етхьэжьа мы Іуэхур ехъулІэныгъэкІэ и кІэм зэрынэдгъэсынум шэч къытесхьэркъым. Иджырей технологие нэхъыфІ дыдэхэр къэдгъэсэбэпынущ, зэманым декІуу абыхэм зедгъэужьынущ. Илъэсищ хуэдизкІэ заводыр дутІыпщмэ, ди экономикэр хэпщІыкІыу иригъэфІэкІуэнущ, цІыху минхэм ІэнатІэ ягъуэтынущ, - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

Журналистхэм я упщІэхэм я жэуапу Къанокъуэ Арсен къигъэлъэгъуащ мэкъумэшым, туризмэм, промышленностым я ІэнатІэхэм зэуІуу зэрызрагъэужьынур, проект гъэщІэгъуэнхэр зэрыщыІэр, ахэр пхызыгъэкІыну ІэщІагъэлІхэр Іуэхум зэрыхуэхьэзырыр.

- Абы папщІэ мылъку нэхъыщхьэр зэщІэгъэуІуэным зэпымыууэ дыхущІэкъунущ, хьэрычэтыщІэхэм я зэгухьэныгъэр жыджэру тедгъэгушхуэнущ. Къэралыр ди щІэгъэкъуэну, экономикэ щІыпІэ хэха къызэдгъэпэщмэ, абы ІэнатІэщІэхэр къыдэунэхунущ. Мы Іуэхур ди дежкІэ щІэти, ар къетхьэжьэну занщІэу дытегушхуакъым. Ауэ, зэрыжаІэщи, Іуэху мыублэ блэ хэсщ. ДызэрыпэлъэщынуР зэманым къигъэнэІуати, проектыр гъэзэщІэным яужь дихьащ икІи си гугъэщ зытедухуа пІалъэм къитІасэу заводыр тхуегъэжьэну, - къыхигъэщащ республикэм и унафэщІым.

Титов Борис журналистхэм яжриІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыщыІар, абыхэм щилъэгъуар гуапэ зэрыщыхъуар, я Іуэху къызэгъэпэщыкІэр адрей щІыналъэхэм я дежкІэ зэрыщапхъэфІыр.

КИФЩІ-м и инвестицэ проект нэхъ ин дыдэр - ерыскъы, щэкІ промышленностым папщІэ полиэтилентерефталату (ПЭТФ) тонн мин 486-рэ илъэсым къыщыщІагъэкІыну заводым республикэм дежкІэ социально-экономикэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы цІыху мини 3-м нэблагъэм ІэнатІэ щагъуэтынущ, щІыналъэ бюджетым илъэсым сом мелард хэхъуэу къыхуихьынущ.

Полимер къабзэхэм я «Этана» заводым и инфраструктурэм и объектхэр Урысей Федерацэм ИнвестицэхэмкІэ и фондым и бюджет мылъкукІэ яухуэ. Псы нэпкъыу километри 2,6-рэ ягъэбыдащ, автомобиль гъуэгухэр ягъэхьэзыр. Киловатт 1600-м тещІыхьа трансформаторитІ зыхэт подстанц ягъэуващ. Псы кІуапІэхэм ирахьэлІэну пкъыгъуэ псори ягъэхьэзыращ, къыщІэшыпІэу 8 яубрууащ. Предприятэм екІуэлІэну гъущІ гъуэгур зыухуэнухэм зэгурыІуэныгъэ хуаІэщ, газ гуэшыпІэ бжьамийхэр зэрыдалъхьэнум хуагъэхьэзыр.

Инфраструктурэм пыщІа лэжьыгъэхэр фокІадэ дызыхуэкІуэм яухыну я мурадщ. Абыхэм сом мелардрэ мелуан 500-рэ хуозэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын

Къэнэмэт Юрислъам Хьэчим и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и Бахъсэн район управленэм и унафэщІым

Кучмезовэ ФатІимэт Азрэт и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм Іуэхухэр зегъэкІуэнымрэ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм хэплъэнымкІэ и къудамэм и унафэщІым

Слюнько Наталье Иван и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и «Прохладнэ муниципальнэ районым и цІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэ комплекс центр» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым

ЦІагъуэ Маринэ Хьэсэналий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и управленэу Налшык къалэ округым щыІэм социальнэ льготэхэмрэ ахъшэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІым

Шыкъ Заурбэч Умар и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Пенсионерхэм я союзым и президиумым и тхьэмадэм Налшык къалэм егъэщІылІа и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№79-УГ

● Урысейм и махуэм ирихьэлІэу

УФ-р ди зэхуэдэ унэщ

Урысейм и махуэм ирихьэлІэу, Бахъсэн куейм и администрацэм «Урысейр ди зэхуэдэ унэщ» фІэщыгъэм щІэту «стІол хъурей» ирагъэкІуэкІынущ.

УРЫСЕЙ къэралыгъуэм къикІуа гъуэгуанэм, къэралым и дамыгъэхэм, махуэшхуэм и тхыдэм, ар къызэрежьам теухуауэ къэпсэлъэну, ящІэмкІэ зэдэгуэшэну абы щызэхуэсынущ куей администрацэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и къудамэу куейм щыІэм и лІыкІуэхэр, «Урысей зэкъуэтым и щІэблэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм щыщхэр, куейм и щІалэгъуалэ администрацэм хэтхэр.

КъБР-м и УФМС-м и къудамэу Бахъсэн куейм щыІэм ныбжьыщІипщІым а махуэм паспортхэр иратынущ.

ЗэІущІэр ягъэдэхэнущ уэрэджыІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

Іуащхьэмахуэ районым пщэдей Іуэху пыухыкІахэр щекІуэкІынущ Урысейм и махуэр гъэлъэпІэным хуэгъэзауэ.

КУЛИЕВ Къайсын и цІэр зэрихьэу Тырныауз къалэм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм и гупэм гуфІэгъуэ концерт къыщызэрагъэпэщынущ. Къалэдэсхэмрэ районым щыпсэухэмрэ папщІэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм Урысейм и тхыдэм теухуа викторинэхэр, зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІынущ. Абыхэм къыщыхэжаныкІхэм фэеплъ саугъэтхэр, щІыхь тхылъхэр иратынущ.

Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхухэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и

ШколакІуэхэм я паспортхэр ягъэхьэзыр

лэжьакІуэхэм къалэм и администрацэм и унэм щызэхэтыну гуфІэгъуэ дауэдапщэм паспортхэр щратынущ районым и школакІуэу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуахэм ящыщу 11-м.

Районым и библиотекэхэм литературэ сыхьэтхэр къыщызэрагъэпэщынущ, Былым къуажэм и самодеятельнэ артистхэм «Си Урысей» зыфІаща концертыр я къуажэгъухэм ирагъэлъагъунущ.

ТАРИМ Алисэ.

«Шынэ-шынэ щыкуэд Урысей»

Аращ фІащар гъэ къэс мэкъуауэгъуэм и 12-м ягъэлъапІэ Урысейм и махуэм ирихьэлІэу Май районым хыхьэ Котляревскэ станицэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм и утым щекІуэкІыну цІыхубэ зэхыхьэм.

ПРОГРАММЭМ хэтынущ концерт ин, хьэрычэтыщІэ пашэхэмрэ егъэджэныгъэм, спортым, щІыналъэм и жылагъуэ гъащІэм къыхэжаныкІ щІалэгъуалэмрэ щагъэпэжэну зэхыхьэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэпеуэ. Котляревскэ станицэм щыпсэу нэхъ цІыкІу дыдэхэм я нэгу зыщрагъэужьыну сабий аттракционхэр къапоплъэ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

★ Ди къуэш республикэхэм

Илъэс 20 ирокъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий лэжьыгъэ ІуэхукІэ хуэзащ фІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым и унафэщІ Карчевская Светланэ.***

АДЫГЕЙМ медицинэ страхованэмкІэ и ІэнатІэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъум теухуауэ щІыналъэм къэкІуа хьэщІэмрэ республикэм и Іэтащхьэмрэ а унэтІыныгъэм и зыужьыныгъэм, гузылъытапхъэхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми тепсэлъыхьащ. А зэІущІэм кърихьэлІащ АР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Мэрэтыкъуэ Рустамрэ фІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ щІыналъэ фондым и унафэщІ Хьэгъэудж Мариетрэ.

Сом мелуан 70-м щІигъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***КъШР-м и прокуратурэм энергетикхэм сом мелуан 70-м щІигъу зыкІэщІаупщІауэ шэч ещІ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и прокуратурэмрэ налог ятелъхьэным ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэм ебэнынымкІэ щІыналъэ МВД-м и къудамэмрэ къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым «Карачаево-Черкесскэнерго» ОАО-м сом мелуан 70 щызэхадыгъуауэ къыщІагъэщащ.

КъызэрахутамкІэ, ОАО-р къэзыгъэсэбэпхэм яхуиутІыпщ электрокъарур зыхуэдизымрэ абы и уасэмрэ теухуауэ КъШР-м тарифхэмрэ уасэхэмкІэ и управленэ нэхъыщхьэм игъэхьа дэфтэрхэм къыщигъэлъэгъуащ «Карачаево-Черкесскэнерго» зэгухьэныгъэм «Юрэнергоконсалт» ООО-м электрокъарур къыхуиутІыпщыным тримыгъэкІуэда мылъку. АрщхьэкІэ апхуэдэ зэгурыІуэныгъэ щыІакъым. ЦІыхухэм яІэрыхьэ электрокъарум и уасэр зэрыдрагъэуеям къыхэкІыу сом мелуан 70-рэ мин 700-м нэблагъэ ядыгъуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Хъыбар гуапэ

Махуэшхуэм зыхуащІ

Аруан куейм и къалащхьэ Нарткъалэ шэщІауэ зыхуегъэхьэзыр и илъэсищэ юбилейм. Ар тохуэ мы илъэсым и бжыхьэм.

МАХУЭШХУЭМ ирихьэлІэ лэжьыгъэфІ куэд щаублащ къалэм. Абыхэм ящыщщ Нарткъалэ и курыкупсэм хиубыдэ псэупІэ унэхэр, куей библиотекэр зэгъэпэщыным яужь зэрихьар. КъатибгъуУ зэтет а псэупІэ унэхэм я щІыбхэр къатхъунщІакІэщ. Мы махуэхэм ахэр зехьэн щІадзэнущ. УхуакІуэхэм нэмыщІ, Іуэхум жыджэру холэжьыхь промышленнэ альпинистхэр. Армырами, теплъэ дахэ зиІэ, щхъуантІагъэкІэ къулей къалэм и ныбжьым хуэфащэу «зыкърихынущ».

2013 гъэм и бжьыхьэм Нарткъалэ игъэлъэпІэнущ и илъэсищэр. Абы хуэгъэпса гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щекІуэкІынущ къалащхьэми куейм хыхьэ жылэ псоми.

СОКЪУР Риммэ.

УзыхущІэкъурщ къохъулІэр

УФ-м и Президент Путин Владимир щыгъуазэ зещІ нэгъабэ накъыгъэм къыдигъэкІа унафэхэр ахэр зыхуэгъэза ІуэхущІапІэхэм зэрагъэзащІэ щІыкІэм.

Дыгъуасэ Кремлым щекІуэкІа зэІущІэм ирагъэблэгъат МВД-м, Шынагъуэншагъэм-кІэ Советым, Хамэ къэрал ІуэхухэмкІэ, КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, ЗыхъумэжыныгъэмкІэ, ЮстицэмкІэ министерствэхэм я унафэщІхэр. Илъэситху зэкІэлъыкІуэм а ІуэхущІапІэхэр зэрылэжьэнур щыубзыхуа дэфтэрхэм арэзы къызэримыщІыр жиІащ Президентым. «Псалъэ куэд, Іуэхур щхьэтегъэлъэфу фІэкІа зэфІамыгъэкІыну шэч уэзыгъэщІхэр, хэлъщ а планхэм, жылагъуэм дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэнхэри къыщыгъэлъэгъуакъым», - жиІащ Путиным.

«Слъэгъуахэр си гуапэ мыхъуами, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІи сыщыгуфІыкІыжащ ІэнатІэхэр къэспщытэну яужь сызэрихьам, сыту жыпІэмэ ди лэжьыгъэ зэтеухуэкІэр зыхуэдэри, къалэну зыхуэдгъэувыжхэри, апхуэдэу щыщыткІэ, абыхэм крикІуэну дызыщыгугъыпхъэри болъагъуж», - жиІащ Путиным.

Къулыкъум щІэбэнну зи мурадхэр

КПРФ, ЛДПР политикэ партхэр яубзыхуащ къалащхьэм и Іэтащхьэ хэхыныгъэхэм езыхэм къабгъэдэкІыу хэтынухэр.

Коммунистхэм я лІыкІуэу абы хэтынущ Мельников Иван. Либерал-демократхэм къагъэлъэгъуэнущ партым Къэрал Думэм щиІэ фракцэм и унафэщІым и къуэдзэ Овсянников Владимир.

Собяниным, Мельниковым, Овсянниковым нэмыщІ, къалащхьэм и Іэтащхьэу зыхрагъэхыну я кандидатурэхэр къагъэлъэгъуэну зэрамурадыр жаІащ Прохоров Михаил, Удальцов Сергей, Навальный Алексей сыми.

Узыфэм зимыубгъун щхьэкІэ

Дон Іус Ростов къалэм дэт сабий садхэм ящыщ зым кІуэ цІыкІу куэдым зэуэ менингит узыфэр къащІыпкърыхьам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ.

Сабийхэм ящыщ зы тхьэмахуэ кІуам илІыкІащ щхьэ куцІым къеуалІэ а уз зэрыцІалэм. Иджыпсту къалэм и медицинэ ІуэхущІапІэхэм щакІэлъоплъ сабии 103-м: 48-р сымаджэщхэм щІэлъщ, 55-м поликлиникэхэм щоІэзэ.

Нэхъ хьэлъэхэр иджыри цІыкІуитху мэхъу.

Урысей Федерацэм и къэрал санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий къалэм щыІэ щытыкІэм щыгъуазэ зищІыну абы кІуащ, сабий садым, цІыкІухэр зыщІэлъ сымаджэщхэм щыІащ. Апхуэдэуи ар яІущІащ щытыкІэм кІэлъыплъ ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэм икІи узыфэм зимыубгъун щхьэкІэ икІэщІыпІэкІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм ятеухуа чэнджэщхэр яритащ.

НОБЭ

Мэкъуауэгъуэм и 11, *гъубж*

■ Мэкъуауэгъуэм и 11 - 12-хэм Москва щызэхэтынущ Урысейпсо цІыхубэ фронтым и Учредительнэ съезд.

■ Мэкъуауэгъуэм и 11 - бадзэуэгъуэм и 2-хэм екІуэкІынущ гъуазджэм и дунейпсо фестивалыр, «Санкт-Петербург и жэщ нэхухэр» зыфІащар.

■ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, пшынауэ Іэзэ **ДыщэкІ ФатІимэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

«Яхуэмышхын сщІынщ», - жиІэри ямышхыфын ищІащ.

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2013 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт ІуэхущІапІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУЛЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

* * *

Узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм Іулъхьэ щызекІуэу, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр щалэжьу апхуэдэ хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, медицинэ ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэр къыфхуэпхъашэмэ, къыфхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм арэзы фыкъамыщІмэ е а унэтІыныгъэмкІэ фызыщІэупщІэн гуэр щыІэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм щыІэ **40-15-65** телефонымкІэ.

● Ди псэлъэгъуэр

ТрагъэкIуадэ мылъкум фIы къыпокIуэж

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ, Тхэквондомкl э урысейпсо союзым и кlэлыплъакlуэ советым хэт, КИФШl-м тхэквондомкl э и федерацэм и тхьэмадэ Чеченов Ануар тхутепсэлыхьакь Къэбэрдей-Балькъэрым я спорт лlэужьыгъуэм зэрызыщиужьым.

- Тхэквондо спорт лlэужьыгъуэм ди республикэм зыщегъэужьыным ильэс ещанэ хьуауэ жыджэру ухоу-лажьэ. Сыт хуэдэ екъулlэныгъэхэр щыlэ?

- Блэкlа ильэсхэм кьриубыдэу КъБР-м и чемпионатищрэ зэхьэзэхуи 9-рэ, КИФШl-м и зэхьэзэхуэу 5 едгъэкlуэкlащ, щыхьухьхэмрэ Урысейм и Кубокыр къэхьыным щыэзэпедгъэуащ, «Іуащьхэмахуэ и Кубок» дунейпсо зэпеуэ, КИФШl-м и тренер-суд семинар Шэджэм щедгъэкlуэкlащ. Абы къыщыlэмыщlауэ, хамэ къэрал щыщ спортсменхэр хэту зыщагъасэ зэхуэсу 6 зэхэтщащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и командэ кьыхэхар Урысейм и зэхьэзэхуэу 8-м хэтащ, я ныжь ельытакlэ гупищу гуэщауэ. Апхуэдэуи кьэралым и чемпионатитlымрэ Урысейм и Кубокым щыщ зобэн зэкlуцlитlымрэ я зэфlэкl щагъэльэгъуащ ди щlалэхэм.

2009 - 2011 гъэхэм зыщагъасэ зэхуэсхэр щекlуэкlащ Корее Илщэм.

Нэгъабэ Урысей зэпеуэм щыху миным щlигъу хэтащ икlи ди гупыр КИФШl-м щынэхьыфlу кьалытащ, дыщитlрэ зы жэрри кьыхуагъэфэщащ. А зэпеуэхэм я уэжьlу, командэ кьыхэха нэхъыщхьэм щыхуилl хагъэхьащ, УФ-м и командэ кьыхэхам и резервми плlы кlуащ.

Иджыри кьыздэсым КИФШl-м яп увыплlэхэр Дагъыстэнымрэ Осетиемрэ кьыщахьу зэрыщытам, иужьрей зэхьэзэхуэм ди командэр зэрыщыпашэм тепщыхьмэ, ильэсищ льандэрэ едгъэкlуэжkl лэжьыгъэм кьыпэкlуар дольагъуж.

А льэхьэнэм кьриубыдэу Кэнжэ спорт Іуэхущlапlэ дэтщlыхьащ, «Дружба» санаторэм зэгурыlуэныгъэ етщыпlауэ тхэквондомкlэ КИФШl-м и центр кьыщызэдгъэпэщыну иужь дитщ, «Трудовые резервы» спорт Іуэхущlапlэм и зы пэшышхуэ зэдгъэпэщыжыну ди мурадщ.

Абы кьыщынэмыщlауэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейщ а спорт лlэужьыгъуэм дихьэххэм я бжыгъэр 2009 гъэ льандэрэ тlуикlэ нэхъыбэ зэрыкъуар. Нобэкlэ ди республикэм зыщагъасэ спортсмен 3000-м, аэр я нэ я щlэтщ тренер 25-м. Дунейпсо класс иlэу спортым и мастеритl, спортым и мастеру 22-рэ диlэ хъуащ, щыхуи 170-м абы зыхуагъэхьэзыр.

Иужьрей гъэ еджэгъуэм, фокlадэм щегъэжьауэ накьыгъэ хъуху, КИФШl-м щедгъэкlуэкlащ зы чемпионатрэ зэхьэзэхуитlрэ, зыщагъасэ зэхуэсхэр плlэ кьыхэдгъэпэщащ, Іуащьхэмахуэ и Кубокым щхьэкlэ зэпедгъэуащ. Мыгувэу едгъэкlуэкlыну ди мурадщ зыщагъасэм зы зэхуэс, абы щыху 60 хэтынущ.

Кьыхэгъэщыпхьэщ зэхьэзэхуэхэр щекlуэкlым деж спортсменхэмрэ тренерхэмрэ ди санаторэхэм зэрыщыпсэур, ди зыгъэпсэхупlэхэм ахьшэ кьалэжьыну Іэмал зэреттыр, абы экономикэм зрегъэжь. Кьыщынэмыщlауэ, ди щlыналъэ зэрымамырыр кьакlуэхэм ядогъэльагъу икlи ди щlыпlэхэм и дахагъэр ягу ирихьауэ, кlэлыпъэрахьэ хьэщlагъэмкlэ арэзыгуэ мэкlуэж.

- Къэрал псом щекlуэкlым еплыгтмэ, КъБР-м Тхэквондомкlэ и федерацэм и щытыкlэр сыт хуэдэ?

- Ди зэгухьэныгъэм и мыхьэнэр зэрыиныр кьыхэгъэщыпхьэщ икlи Урысейм увыплlэ хьарзыну зэрыщиубыдри пэжщ.

Урысейм Тхэквондомкlэ и союзым и гъэзэщакlуэ гупым хэт цlыху бжыгъэр иджыблагъэ агъэмэщlащ, 25-рэ хьууэ щытати, 10-ш кьагъэнэжар. А пщым яхэтщ КИФШl-м Тхэквондомкlэ и союзым и президент Щокьарэ Аэрэталий.

Урысей командэм и зэхуэсыр мы гъэм и накьыгъэм Іуащьхэмахуэ льапэ щекlуэкlащ, Дунейпсо чемпионатым зыхуагъэхьэзыращ.

- Тхэквондом и льахэм - Корее Илщэм - пыщlэныгъэ хуилl Федерацэм?

- Дыззолажьэ. Мэкъуаугъуэм и 20-м абы щекlуэжьыну зэхуэсым драгъэблэгъащ, бадзэуэгъуэм и 4-м ди гуп кьыхэхар хэтынущ Сеул щекlуэкlыну зэхьэзэхуэ зэlухам. Абы дыкlуэмэ, ди мурадщ Налшыкрэ Пхёнчханрэ кьалэ-зэкъуэш зэхуэхьуным теухуа зэгурыlуэныгъэм дытепсэлыхьыну. Зи гугъу тщlы кьалэм 2018 гъэм Щlымахуэ Олимпl Джэгухэр щекlуэкlынущ. А зэгурыlуэныгъэм ди щэнхабзэгъэ зэпишlэнут, ди щlыхуэр нэхъыфlу зэрыщlэныкlэ, ди хабзэхэм эщагъасэгъуэзэныкlэ Іэмал нэхъыбэ яlэнут.

- Спорт лlэужьыгъуэ кlудым ящыщу тхэквондор сыткlэ нэхъ кьахуэщхьэпэрэ щlалэгъуалэм?

- Сэ мыхъэ-мытlэу жысlащ, тхэквондом Іэнкlылъэпкъым зригъэужь кьудей мыхьуу, щlалэхэм Кавказ льэпкьхэм ямыхамэ гъэсэныгъэ зэрабгъэдгъэлъхьэр. Нэхъыкьым - щlыхь, ныкьуэкьуэгъуэм пщlэ хуэщlыным, нэхъыщlэм кьыщхьэщыжьым щlалэгъуалэр хуеГаасэ абы.

Дэ адэ-анэхэр зыхэт комитет кьызэдгъэпэщащ, ахэр ильэсым зэ зэхуос. Абы командэм и ехьулlэныгъэхэр кьыщащыгтэж, адэжь зэрылlажьэну мардэхэр яубгъуу, нэхъри заужьыкlэ щыlэ Іэмалхэм йогупсыс. Апхуэдэ зэlуцlэхэм адэ-анэхэм щыкlэ Іэмам зэрахуримыкlым кьыхэхьlы я бынхэм тэмэму зэрахlэлъымыплъыфыр. Тхэквондом зыхуэзыгъасэ ныбжьыщlэр лэжьыгъэм зыщимыдзейуэ, мурад зыхуигъэувыжкlэ абы зэрылъэlэсыным хущlэкъуу мэпсэу.

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ ныбжьыщlэхэр дегъэхьэхыным нэмыщl, нэгъэщlуэхуфlхэмэ зредгъэщытынныр ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу. Республикэм и унафэщlхэмэ гульытэ зэха хуащ абы. Икlи фIыуэ я кьагуроуэ кьыт-щlэхьуэ щlэблэм я узыншагъэр хьумэным, егъэфlэкlуэным, я щlэныгъэм хэтгъэхьуэным трагъэкlуадэ мылькум фIы кьыззэрыпэкlуэжьр.

Елсэльар **УРЫСМАМБЭТ Бэллэщ.**

● Щlэблэ

КъэкIуэнур зейхэр

Кьып Мухьэмэд и щlэр зэрихьэу Кьулькъужьи Илщэ дэт епланэ школым щеджэ щыкlуэхэм щыщу 37-рэ пионер организацэм хагъэхьащ.

ЗэлущlЭр кьызэзыгъэпэщахэм псалъэ гуапэ куэд жаlащ махуэщхуэм кьрихьэлlахэм яхуэгъэзащ. Абыхэм зэхуэгъэкlащ КПРФ-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и япэ секретарь, Кьулькъужьи Ищхьэрэ кьыдэкlа **Пащты Борис:** «Фи школым зи цlэр фlаща Кьып Мухьэмэд зэрысурэтыщ Іэхэм кьищынэмыщlауэ, щlыхуитlэ зыхэлъ ныбжьэгъу пэкт. Сэ сыхуейт абы и цlэр зезыхьэ школым щlэс ныбжьыщlэхэр езы Мухьэмэд дефlэкlыжьыну. Фыкьумыкlыут, гугъуехьым фыщымышынэ, ипжlэ фызэрыкlуэтэным яужь фит. Фэращ къэкlуэнур зейр. Пщэдейр нэхъыфI, нэхъ дахэ эщыщыну эи кьару дахэунэр».

Пионерым хагъэхьагъащlэжьм захуигъэзэри, Пащтым жиlащ: «Пионер! Уи Хэкум папщlэ Іуэхуфlхэр зэрыблэжьынум, гуапагъэм, захуагъэм хуэхъэзыру щыт».

А псалъэхэм школакlуэ цыкlуэхэр зыжьэу кьыпэджэжащ: «Сыт щыгъуи дыхьэзырыр!»

Ильэс зыбжанэ хьауэ кьаlэтыжауэ мы школым пионер зэгухьэныгъэр щолажьэ. Цlыкlуэхэм ярlэгъэщlэгъуэн, щlэщыгъуэ ящыхьуи Іуэхум зэрыкlигъэтыным яужь итщ абыхэм я вожатэ Ныр Маритэ.

Кьуажэ школым и гетьджакlуэхэм быдзу я фIэщ мэхьу пионер щlэблэщlэм я адэхэм, адэщхуэхэм я хабзэ дахэм екIуу кьыпащэну, яхьумэну.

АЛОКЪУЭ Аринэ.



● Экологие

ЩIыуэпсым и хъумакIуэхэр

Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкlэ 2013 гъэр Дыкъэзыухьуреихь дунейм и ильэсу ягъэувац. Абы ипкъ иткlэ, ди республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ зэlущlэгъуэнхэр щрагъэкlуэкl.

КъАПШТЭМЭ, Май кьалэм дэт сабий библиотекэм щызэхэтащ «Дыкъэзыухьуреихь дунейр кьедвгъэгъэл» Іуэхугъуэр. Абы хэта, кьалэ курыт школ №3-м и пэщlэдзэ классхэм щеджэ цlыкlуэр зэпеуащ ди щlыналъэм щыщрихьэлlэ кьэкlыгъэхэм, псэущхьэхэм, езы щlыуэпсым ятеуху тхыгъэхэр гъэхьэзырынымкlэ.

Акцэм и кьалэн нэхъыщхьэ щытар дыкъэзыухьуреихь дунейм и дахагъымрэ абы иlэ мыхьэнэр зэрыиныр кьыдэкlуэтей щlэблэм кьагурыlуэ къэгъэтэджыныр. Іуэхур кьыззэыгъэпэща егъэджакlуэхэу Кьэжэр Іэсият, Бещаева Татьянэ, Алиякберовэ Людмилэ, Рудь Татьянэ сымэ кьыззэралытэмкlэ, мыпхуэдэ зэпеуэхэм сабийхэр гущlэгъуэрэ гульытэмрэ хуаущий, жэуапныгъэ яхэлъу кьегъэхьу.

Зэпеуэм хэта цlыкlуэхэм фIыщlэ кьыхуащlащ. Нэхъ лэжьыгъэфI зытхахэм сабий библиотекэм и щlыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Узыншагъэ

Зыхуеину псори ягъуэт

Сабийхэм я узыншагъэр егъэфlэкlуэным ехьэлlа къэрал программэхэр купщlафlэу щагъэлажьэ Прималкинскэ кьуажэм дэт курыт еджапlэм.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ и льэныкьуэкlэ щыlэ къэрал щапхъэм кьызэрыщыгъэльагъуамкlэ, пэщlэдзэ классхэм физическэ щэнхабзэмкlэ дерсхэм кьищынэмыщlа, «Спортландия» фlэщыгъэм щlэт гупжьей яlэн хуейщ. А Іуэхум жэуапныгъэ хэлъу бгъэдыхьащ мы школым и учащlхэр.

Гупжьейм хухаха джэгупlэ пэшым щlэтщ велотренажёрхэр, джэгукlэ щхьэхуэхэм кьыщагъэсэбэп пкъыгъуэ щабэхэр, зэрызэпекъу кlапсэхэр зи гъусэ швед пхъэбгъуэхэр, массаж зэращl шар лlэужьыгъуэхэр.

Щколакlуэ цыкlуэхэм псом хуэмыдэу фIыуэ ялъагъу «бассейн гъущэр». Абы псым и пlэкlэ куэду щызэхэхуэхьэсащ шар щабэхэр. Апхуэдэ «гуэлым» щес сабийхэм я Іэпкълъэпкъым, псом хуэмыдэу я Іэпхъуамбэ зэрытыпlэхэм зеужь, уз хэтмэ хегъэжl. Кьызэгъэпэщакlуэхэм зэрыжаlамкlэ, мыбы къекlуалlэ сабийхэм я бжыгъэм хэхьуэ зэрыптщ.

ЛЬОСТЭН Муэз.

● Май щIыналъэ

Льэмыжыр къагъэщIэрэщIэж

Котляревскэ кьуажэм и Жылагъуэ советым хэтхэм щапхъэфI ягъэльэгъуащ.

ИлЬЭС куэд хьауэ кьуажэдэсхэм кьагъэсэбэпу Арщыщан псым тель льэмыжыр жьы дыдэ зэрыхьуам кьыхэкlыу, шынагъэншэтэкьым: ныбжь зиlэхэми сабийхэми я зыгъэпсэхупlэу щыт кьалэ парким уихьэн папщlэ, абы хуейт... Апхуэдэ Іуэху щытыкlэм япэу гу лъатэри, Жылагъуэ советым хэтхэм я зи чэзу зэlущlэм унафэ кьыщащтащ икlи абыхэм льэлукlэ зыхуагъэзащ Котляревскэм дэт Іуэхущlапlэ, Іэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм.

Жэрдэмщакlуэхэм япэу кьапэджэжащ «Красная нива» СХПК-м, «Водоканал» ООО-м, курыт еджапlэ №8-м я унафэщlэр. Ремонт лэжьыгъэм жыджэру кьыхьыхащ жылагъуэдэсхэри. Иджы хэти мышынэу техьэ хъунущ лъэныкьуитlымкlи убыдыпlэ быдэхэмрэ кьэуахьэмрэ зыхуащlа льэмыжым.

Ныбжьыщlэхэр ягъэгуфIэ

Александровскэ жылагъуэм дэс сабийхэм я Іутlыжщ: кьуажэм кьыщызэlуахащ ильэс куэд льандэрэ зыпэплъа джэгупlэр. Ар жылэ администрацэм пэмыжьжьэу щаухуащ.

ЩIЫПlЭ администрацэм и Іэтащхьэ Протасов Владимир зэрыжиlэмкlэ, мыбы цыкlуэхэр щыджэгу кьудей мыхьуу, спорт зэхьэзэхуэхэри щекlуэкlынущ.

«Си кьуькlым ущlэрыхьэм Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу ипэ изгъащхэм ящыщщ мыр. Ухуэныгъэхэр и чэзум зэрызэфlэкlамрэ адэ-анэхэр зэрыдгъэгуфlамрэ куэд и уасэщ», - жиlащ унафэщlым.

Сабийхэм я гукъыдэжьщ кьэзыlэта мы Іуэхум я мылъку халъхьащ «Александровская» агрофирмэм, «Юнит» ООО-м, кьуажэ администрацэм. Джэгупlэр, нэр игъэгуфIэу, щхьэжьlэплъыкlэу кьралыкьжащ Александровскэ жылагъуэдэсхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хьэрэмышххэр яубыдащ

Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэм хиубыдэ лэжьыгъэхэр зратхэ бланкхэм траха копиехэр и Іупэфlэгъу егъэджакlуэм щритым, 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м яубыдащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм мониторингымрэ статистикэмкlэ и центрым и лэжьакlуэ. Нафуэ кьызэращlамкlэ, абыхэм Іульхьэжlэ зэхьэжьныгъэ хальхьэрт экзаменхэр зэрата лэжьыгъэхэм икlи а щыкlэм тету еджакlуэхэм кьахь балл бжыгъэр нэхъыбэ ящlырт. Апхуэдэ «Іуэхутхьэбзэм» папщlэ школхэр кьэзыухухэм я адэ-анэхэм экзамен кьэс хуэззу сом мини 120-м нэс кьыlахьырт.

АПХУЭДЭУ мы центрым лэжьыгъэхэр зэрыщахьумэ, абыхэм зэрыщlэжьы щыкlэм ныкьуэныгъэ инхэр хэлъу кьыщlэкlащ. Абыхэм ятеухуауэ КъБР-м и прокуратурэм хьыбар ирагъэщlащ.

Мы Іуэхум ехьэлlа материалхэр УФ-м Следствэмкlэ и комитетым Следствэмкlэ и управленэу КъБР-м щыlэм ираташ уголовнэ Іуэху кьызэlухьныным теухуа унафэ кьыщтэн папщlэ.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыlэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Зэлущlэм хэт хьэщlэхэм я гъусэщ Мэшбащlэ Исхьэкьрэ Мэшхуэфl Нэждэтрэ.

● Пшыхьхэр

«Адыгэ макъ» газетыр илъэс 90 ирокъу

«Адыгэ макъ» льэпкъ газетыр илъэс 90 щрикъу махуэр Іэтауэ Мейкьуапэ щагъэльэпlащ. Екlуу кьызэрагъэпэща дауэдапщэм ирихьэлlащ Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий, Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ Нарожный Владимир, Правительствэм и Унафэщl Къумпlыл Мурат, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Натхьуэ Разиет, министрхэр, адыгэ интеллигенцэм и лы-кlуэхэр, хамэ къэрал кьикlыжа ди къуэшхэр, КъБР-м, КъШР-м щыщ хьэщlэхэр.

ЯпэУ утыкум кьрагъэблэгъа **Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий** жиlащ «Адыгэ макъыр» льэпкъыбзэм, хабзэм, тхыдэм я узымакlуэу зэрыщытыр икlи ахэр ефlэкlуэныкlэ газетым и лэжьакlуэхэм зэпыу имыlэу лэжьыгъэшхуэ зэрагъэзащlэр.

- Льэпкъыр льэпкъыу кьызэтенэн папщlэ и бзэ ящlэжьи, льэпкъ газет кьыдигъэкlыжьын хуейщ. Адыгэ республикэм кьыщыхьу-кьыщыщlэхэр ди щlыхуэхэр ди щlыхуэхэм я деж нэхъ псынщlэу, зэгъэкlуауэ литературэбзэ дахэкlэ нэхьэсынымкlэ кьалэнышхуэ зэфlэх газетым. Абы и напэкlуэцlхэм тхыдэм, лэжьакlуэбзэм, щlыху кьызэрыгуэкlхэм ятеуху тхыгъэ гъэщlэгъуэнхэр кьытохуэ, газетыр кьыдэкlын зэрыщlидзэрэ творческэ щlыхуэхэм заужьынымкlэ, ахэр кьацlыхунымкlэ сэбэпышхуэ мэхьу.

И псалъэхэм я щlыхьэту Тхьэкlушынэм щапхъэу кьыхващ я тхакlуэ пэрытхэу Кlэрашэ Тембот, Мэшбащlэ Исхьэкь, Кьуиикьуэ Налбий, Чуякьуэ Юнус сымэ, нэгъэщlэхэри.

Газетым и льабжьэр зыгъэтlылъахэм ящыщщ адыгэ литературэм и кьызэгъэпэщакlуэ Кlэрашэ Тембот. Ильэс зэхуэмыдэхэм газетым и Іэтащхьэу щыташ Мерэтыкьуэ Рэмэзан, Хьэщlэмыз Биболэт, ильэс щэщым нэблагъэкlэ и гуащlэ емыблэжу газетым и зыужьныгъэм и кьару хилъхьащ Андырхуэй Жантемир. Газетым и редакцэм гульытэ хэха хуещl льэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным, егъэфжкlуэным, хамэ льэпкъ щыпсэу адыгэхэм хуаlэ пыщlэныгъэр гъэбыдэным. «Адыгэ макъым» и Интернет-сайтым тхыгъэхэр бзиплklэ кьызэрыралъхьэм и фIыгъэкlэ, абы зыльпыщlысыр нэхьыбэ мэхьу.

Илъэс куэд хьауэ я кьару емыблэжкlэ зэрылажьэм папщlэ, газетыр кьыдэкlын зэрыщlидзэрэ ильэс 90 щрикъум ирихьэлlэу «Адыгэ Республикэм щыхь зиlэ и журналист» цlэ льапlэр фlащащ «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхьыщхьэ Дербэ Тимур, редактор нэхьыщхьэм и япэ кьуэдзэ Мэшылlокьуэ Саидэ, щэнхабзэмрэ литературэмкlэ кьудамэм и унафэщl Мэмрыкьуэ Нуриет, редакцэм и корреспондент Щауэ Асльэнгуащэ сымэ.

Пшыхьым щагъэльэпlауащ АР-м и Къэрал телевиденэм зи ильэс 90-р зыгъэльапlэ редакцэм теухуауэ игъэхьэзыра нэтын гъэщlэгъуэныр. Абы дахэу щызэхахуэнат «Адыгэ макъым» и тхыдэмрэ и щlыхь-щlэныгъэмрэ, газетым кьызэпича гъуэгуанэ мытынщыр, абы и лэжьакlуэхэм я гукъэкlыжхэр.

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат **Натхьуэ Разиет** нэхьыжьхэмэ нэхьыщlэхэмэ зэlэпахьу щlаджыкlэ «Адыгэ макъым», абы и лэжьакlуэхэм зыужьныгъэ дяпэкlи яlэну ехьуэхьуащ. Абы и псалъэхэм кьыхэхъащащ льэпкъым папщlэ газетым лэжьыгъэ ин зэрыязэфlигъэлар, адыгэхэм я хьугъуэфlыгъуэхэр хьумэным, гъэбгъуэным зэреллалlэр.

АР-м и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ **Нарожный Владимир** кьыхигъэщащ нобэрей махуэм республикэм и дежкlэ мыхьэнэшхуэ зэриlэр. Я кьару емыблэжу ильэс куэдкlэ льэпкъ щэнхабзэм хэльхьэныгъэ зэрыхуащlам папщlэ Адыгейм и хабзэубзыху Іэнатlэм и Щlыхь тхыльыр газетым и корректорЕфэнды Іэсият, обозревatель Тхьэркьуахьуэ Іэдэм сымэ хуагъэфэщащ.

«Адыгэ макъым» и редактор нэхьыщхьэ **Дербэ Тимур** газетыр льэпкъым и гъуоуэ зэрыщытыр жиlащ. Тхыдэр фIыуэ зыльпагъухэм, и мыхьэнэр кьызыгурыlуэхэм ахуэгъэзауэ редакцэм мазэм тlэу напэкlуэщl щхьэхуэ урысибзэкlэ кьыдегъэжl. Мазэ кьэс дунейм кьытохьэ узыншагъэр хьумэным, диным, щlэблэщlэм, литературэм, нэгъэщlэхэми ятеухуауэ ягъэхьэзырхэр. Дербэ Тимур фIыщlэ щхьэхуэ хуищlащ республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий, сыт щыгъуи гульытэ хэха кьаззэрыхуищым, кьаззэрыдэлэпыкъым папщlэ.

Кьыкlэльыкlуэу утыкум ирагъэблэгъащ КъБР-м, КъШР-м кьикlа хьэщlэхэу «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм я редактор нэхьыщхьэхэу **Хьэфыщlэ Мухьэмэдрэ Тхьэгъэпсэу Увжькьуэрэ.**

Льэпкъыщlэ Мухьэмэд жиlащ адыгэ льэпкъым и газетхэм ящыщу ягъэ дыдэу кьэпсэльар «Адыгэ макъыр» зэрыарар. Кьэбэрдеймэ Шэрджэсми ди газетхэм кьыдэкlын щыщlадзэр ильэс дрыжкъ нэужьщ.

- Нобэ дгъэльапlэ газетым и жылагъуэ зэрыщыкъуэр дэтхэнэ зы адыгэми зэхихыу льэпкъым куэдрэ кьыдэгъуэгурыкlуэну Тхьэм жиlэ! Ильэс 22-рэ хьауэ «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Адыгэ псалъэ» газетхэм я номер зэхэтхэр кьыдыдогъэкlри, дэ дызытемытхьыха, зи гугъу дымыщlа, кьэдмыlэта Іуэху кьэнэжакъым. Ди журналистхэм я закьуэ хэкуиг зэпищlэу лажьэр. Адыгэр щlэху «Адыгэ макъыр», «Адыгэ псалъэр», «Черкес хэкур» Тхьэм щигъэlэ, - апхуэдэу иухащ и псалъэр Хьэфыщlэм.

Къэрал кьулыкъущlапlэхэмрэ щlэныгъэмрэ зэпызыщlэу, тlуми и щlэгъэкъуэну газетыр зэрыщытыр и псалъэхэм щыжиlащ Тхьэгъэпсэу Увжькьуэ.

Аслъэн Алий Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Парламентым и Щыхьэ Зэхуэсым и Щlыхь тхыльыр Дербэ Тимур иритащ.

Пшыхьыр ягъэдхащ «Ислъэмей», «Налмэс» ансамблхэм, уэрэджьыlакlуэ цlэрыlуэхэу Дзыбэ Мухьэмэд, Кьуийсокьуэ Сиимэ сымэ, нэгъэщlэхэми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Налшык - Мейкьуапэ - Налшык

● Фыщlэ

Я гъуэгу дахэ хъуну!

Дохутыр Іэщlагъэм нэхъ гугъу зэрыщымыlэр хьэкъыу спхыкlащ иджыблагъэ сымаджэщым сыщщlэлъам. Нэрылъагъу сщыхьащ дохутырхэм я гуапагъэ-щагъэр я зэфlэкlри.

МЕДИЦИНЭ санчастым и хирургие кьудамэм и лэжьакlуэхэрщ апхуэдэ гуапагъэ зыдэсльагъуар. Псом хуэмыдэу фIыщlэ яхузощ кьыскlэлъыплъа дохутырхэу Ащхьуэт Елбэрд, Щоджэн Іэхьед, Кьардэн Леонид, медсестрахэу Мэшыкьуэ Анетэ, Къумахуэ Фатlимэ, Лу Неллэ, Туманов Наталье, Бэрсэдж Залинэ сымэ. Гу кьабзэкlэ я Іэщlагъэм зэрыбгъэдэтым, я гулытэ зыщlэ сымаджэмэ зэрыльагъэсым папщlэ я гъуэгу дахэ хъуну, дуней мамыр щlипсэуну сахуохьуахьуэ! Тхьэм я узыншагъэм хэмыщу игъэпсэу!

ТАТУ Соня.

Шэрджэсхэм я пщIэр здынэсыр

● Щыгъуэ пэкIу

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэр илъэси 149-рэ щрикъум ирихьэлIэу Тырку Республикэм хьыбэ Самсун кьалэм щыгъуэ-щIэж пэкIу щекIуэкIащ. А щыгъуэм цIыхухэр щызэхуэсат тенджжэ ФIыцIэ Iуфэм.

Зэрыфщ1эщи, адыгэхэм я фэеплъ махуэр къызэрагъэнаIуэрэ куэд щIакъым - илъэс 23-рэ хъуауэ аращ. А Iуэхур къыщащтари демократиемк хуэкIуэу щыщIадзащ 90 гъэхэрщ. Абы щыгъуэщ адыгэ хасэхэри зэхащIэм щыубгъ-лар. Абыхъм кьежьапIэ яхуэхъуари ди адэшхуэхэр хэкужьым зэрырагъэкIрэ илъэси 125-рэ щрикъум хуэзэу Тыркум щрагъэкIуэжла адыгэ щэнхабзэ тхьэмахуэращ. Абы лъандзэрэ Кавказым исхэм я мызакъуэу, хэхэс адыгэхэмкI хагъэунэхуэкIа я щыгъуэ-щIэж махуэр. Дэнэ щыпIи щыIэ хасэхэм щIэхъэ зэрыхуэзэфIэкIкIэ а махуэм ещIэщIыIа дауэрапщэхэр къызэрагъэпэщ.

Нобэр къыздэсым ар нэхъ уБгъуауэ щрагъэкIуэкIырт Измит кьалэм хьыкъ Кефкен хьбэлэм - я хэку къарауи ди къуэш абхъаахэр зэрыс кхъухьар тенджжэ ФIыцIэм щыщIилъэфам, абы кьелажэм я щэнхабзэ щIы кIапэм. Ауэ я щыпIэр жьыкъIуэт, цIыху куэд къекIуэлIэ-фыртэкъыми, щIыкIэ зэрыфIыну щыпIэхэм - Истамбул и Ускудар, Бешикташ хьэблэхэм - щрагъэкIуэкIащ щыгъуэ-щIэж пэкIур. 2013 гъэм, япэрауэ, Истамбул и Картал хьэблэм фэеплъ сын къыщыдэIуахащ, итIанэ Самсун кьалэм - адыгэхэр Анадолэм къыщихьам ипэу зытеуфа щIыналъэхэм ящыщ зым - зэIущIэр щрагъэкIуэкIащ.

Абы тёухуауэ тырку газетхэм къытрадза тхыгъэ зыбжанэм къыхэтха пычыгъуэ щхьэхуэхэм фыщыдгъэзыгъэзэну дыкуейщ. Аэр зыткIар адыгэхэрахьам, атIэ ёэы тырку журналистхэрщ.

КАФФЕД-м и псалъэ

КАВКАЗ Хасэхэм я Федерацэм щыгъуэ-щIэж пэкIу щригъэкIуэкIащ Самсун кьалэ и тенджжэ ФIыцIэ Iуфэм. Абы хэтащ а кьалэм и Iэтащхьэ Йылмаз Юсуф-Зия, Илкадым, Атакум кьалэ щIыкIуэхэм я унафэщIхэр, КАФФЕД-м и тхьэмадэ Шыгъэлыгъуэ Уэджид, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Шэрджэс Мухьэмэд, ДАХ-м и къэпщытакIэ гупым и унафэщI Къуэдзокъуэ Анатолэ, КъШР-м и Парламентым и депутат Аслъэн Алий, Германием, Голландием щыIэ хасэхэм я лIыкIуэхэр, кьалэ 30-мрэ кьэрали 3-мрэ кьэкIа хьэщIэхэр.

Адыгэхэм я фэеплъ махуэм иращIэкI зэIущIэр Шыгъэлыгъуэ Уэджид къызэIуихри, абы кьрихьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ. «Хэкум кьрахуа нэужь ди адэшхуэхэр япэу къызытеувар Самсун и щIыналъэщ, - жиIащ абы. - Тхьдэм ди нобэм кьихьэсыжауэ дэтхэнэми дощIа абыхэм кьакIуа гъэугуанэр зыхуэдар. Дэ зэи тщыгъупщэнукъым абыхэм я щхьэм кьрикIуа гуаузр икIи абыхэм кьащIэна я хабзэр, я бзэр тхъумэжу дызэрыпсэунымрадыхущIэкъэнущ».

Адэкlэ Шыгъэлыгъуэм и гугъуэ ищIащ Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм и Джачэм тёуха я Iуэху еплъыкIэм. «Сочэ щащIыну Олимпиадэм и пэ къиухуэу адыгэ лъэпкъым а щIыналъэм хуиIэ пыщIэныгъэм тёуха хъыбар абдеж щагъэIуну дыхуейщ, - къихигъащауэ Уэджид. - Ди гугъу зыкIи ямышIу, абдеж кьыщIахуэ зэхуэсу щыкIа щIалэм хуэдэу, ди адэжьхэм я хьэдащхьэм утеджэгухьныр кьвезэгъыркъым. Сочэ зэрыадыгэ щIыгур къыхамыгъэщу зэхуэдэнукъым».

ПэкIум къыщыпсэлъащ Самсун кьалэм и Iэтащхьэ. Абы кьыхигъэщащ адыгэхэр къызыхэхуэхэм зэрахэзэгъар, ахэр зи цIыхугъэрэ зи нэмысрэ зыIыгъыж лъэпкъ уардзу зэрыщытыр, я щIыналъэр ефIэкIуэным, зиужькIыным абыхэм я зэфIэкI куэди зэрыхэлъыр.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэр Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм дахьжьэкIэ яхуэщIагъуащ. Абдежым абыхэм гъыбзэхэр щIыкIащ, лъэпкъыр зы хьужьму Тхьэ ельэIуащ, иужьыми уда гъэгъа Iэрамплэр зэрыщIэ Самсун и щIыналъэрщ, - жиIащ абы. - Тхьдэм ди нобэм кьихьэсыжауэ дэтхэнэми дощIа абыхэм кьакIуа гъэугуанэр зыхуэдар. Дэ зэи тщыгъупщэнукъым абыхэм я щхьэм кьрикIуа гуаузр икIи абыхэм кьащIэна я хабзэр, я бзэр тхъумэжу дызэрыпсэунымрадыхущIэкъэнущ».

Зыгъэжьар

ХЪУАЖЬ Фахьрищ

Самсун кьалэм адыгэ пэкIу щокIуэкI. *25.06.2013 гъэ*

Бэчыжь Лейлэ ДАХ-м

Лейлэ. *1955 гъэ*

Лейлэ. *1968 гъэ*

● Гулъытэ

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБИГУ-м и профессор, КъБГУ-м и Къэрэшей-Шэрджэс институтым и адыгэ къудамэм и унафэщI, ЩIДАА-м и вице-президент Бэчыжь Лейлэ Iэбубэчыр и ныхъ къыщыдалъхуа махуэм ирихьэлIэу хуагъэфащащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ЩIыхь тхылъымрэ бгъэхэIу дамытэмрэ.

ДАХ-м и саугъэт нэхъ лъапIэ щIадзащ адыгэ бзылъхугъэ щIэпшхуэ зиIэм Черкесск хуаращ, и махуэ-хуэмкIи ехьуэхъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыцl Мухьэмэд,** Гуманитар къхэутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ **Хьуажь Фахьри** сымэ. ЗэIущIэ гуапэм хэтащ Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ щIэнхабзэ автономием и тхьэмадэ **Уэхъутэ Александр,** КъШР-м и щIыхьэ усакIуэ **Шыбзыхьуэ Ларисэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Дуней псом къыщацIыху литературоведэ, критик, шэрджэс, абазэ, нэгъуэй, къэрэшей литературэхэр щыIэпкърих тхылъ куэд дыдэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа Бэчыжь Лейлэ лъэпкъым и къэкIуэнымгуащIафIэу зэрыхуэлажьэм щхьэкIэ ДАХ-м хуищIа гульытэм фIыгъуэ къыхуэдэкIуэну, ди лъэпкъым и зыужьыныгъэм иджыри куэдрэ хуэлажьэну хьуэхъуащ ХьэфIыцIэр икIи ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и фIыщIэ псалъэзэрфIэщ.

Лъэпкъыр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, хабзэр, бзэр, щэнхабзэр, литературэр зыхъужьмэн, зезыгъэужьын куэд адыгэм къыщIэхъуэну, езыр зэрагъэгушхуа саугъэт лъапIэр зыхуэфащэн ЩIалъэлIэр зыкьдэкIуэтеину Тхьэм елъэIуащ Бэчыжь Лейлэ икIи къыхуагъэфща псом и теплъэкIи, и купщIэкIи иригъэлъэпIэкI ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ медалымрэ хуабжьу зэрыщыгуфIыкIар къыхигъэщащ. Абы тет дамыгъэм - Сосрыкъуэ мафIэр къызэрихьыжар - мыхьэнэшхуэ зэриЗм гу лъитэри, лъэпкъым и жьэгу мафIэр зэхэмыкIыжу, зиузщI эпыту псэуну хуэзэхуащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Бэчыжь Лейлэ и пшыхь дахэм хэтахэр: Уэхъутэ Александр, Шыбзыхьуэ Ларисэ, Хьэфыцl Мухьэмэд, езы Лейлэ, Хьуажь Фахьри, Лъхъукъэщащэ Хьэбас. *1968 гъэ*

● Республикэм и щIынатъэхэм

ЩIэблэм хуолажьэ

Джэрмэншык дэт курыт еджапIэм къыщыдэIуахащ тхыдэ-тлъахэхутэ музей.

ЗЭМАН кIэщIым къирыбыдэу кьуажэдэсхэм мыбы щыIэхуахьэсащ кьуажэм и тхыдэм, коГхоэщ щыIэхьыхьа лъэхъэнэм зтеуХуа тхыгъэхэр, хьэпшыпхэр. Экспонатхэм яхэтщ зэман зэхуэмыдэхэм жьыларгъуэдэсхэм я гуащIэдэкIыфIым кьыпэкIуэу къыхуагъэфащауэ щыта бораКь зэIапэхымрэ кьэрал дамыгъэ пъапIэхэмрэ. ПIаанэпэ щхьэхуэ яубыдащ Сталинград зауэ гуащIэм хэта Тохъу Гьумар и письмохэм.

Музейр къыщызгъэпэщыныжмкIэ дзэпыкъуэгъэшхуэ хъуащ кьуажэдэс нэхъыжь, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я кьуажэ Советым и тхьэмадэ Лъп Нурхьэлий. Абы тыгъэ я кьахуищIащ езым и Iэдакъэ къыщIэкIа «Джэрмэншык, -Зауэм фызабэу кьиГьанахэмрэ абыхэм я бынхэмрэ», «Джэрмэншык дэт курыт еджапIэ илъэс 85-рэ щрикъум» зыбIища тхыльхэр.

-Правда- газетым и япэ къыдэкIыгъэр, илъэси 100-м щIигъуа тхыльтыкIпIэ ахъшэхэр, V лIэщIыгъуэм «къытхуикIа» алан кхъуэщIыныр, нэгъуэщIхэри музейм кьекIуалIэхэм яфIэрщащIэгъуэнынуц.

Тхыльхэм къыхагъэхъуатэмэ...

Старэ Шэрэдж къуажэм дэт библиотекэр хущIокъу иджырей мардэхэм тету зэрыщIэжьым.

БИБЛИОТЕКЭМ илъэс 20 хъуауэ щыларжьэ Иуан Жаннэ къызэрыджIамкIэ, нобэ нэхъыбэу мыбы къьекIуалIэр курыт еджапIэхэм щIэс щыкIуэхэр. Ахэр щIэхщIэхъуэр щIоупщIэ школ программэм ипкъ иткIэ зэджэн хуей классикэ литературэм, зэрырагъаджэ методикэхэм, таурыхьхэм.

Мыбы къекIуалIэ щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм пIаIъэ пыуыкIам тету лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, бзэм тёуха зэпеуэхэр, викторинэхэр, дерсэр драгъэкIуэкI.

Ди жагъуэ зэрыхьущи, библиотекэ фондым хэхъуэ зэримыIэм кьыхокI щIэджыкIакIуэ балигъхэм я бжьыгъэм зэрыкIэрыхуар.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КЪЭЖЭР Валерэ Хьэшыр и къуэр

Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэмрэ и щIэныгъэмрэ хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. Илъэс 64-нэм иту зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ Урысейм и кавказыдж Iэзэ, адыгэхэм я тхыдэмрэ я этнологиемкIэ ЕщIагъэлI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Къэжэр Валерэ Хьэшыр и къуэр.

Къэжэр Валерэ КъБАССР-м хьэхъэ Сэрмакъ къуажэм 1949 гъэм шышхьэIум и 19-м кьышдалъхуащ. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэр къиухуа нэужь, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием этнографиемкIэ и институтым 1971 гъэм щIэтIыхьащ икIи кавказыдж цIэрыIуэ Гарданов В. К. и унафэм щIэту «Сельская община у адыгов в первой половине XIX в. (поземельные отношения)» и кандидат диссертацэр, 1994 гъэм «Традиционные общественные институты кабардинцев и их кризис в конце XVIII - первой половине XIX вв.» и доктор диссертацэр игъэхъэзыри гхэитащ1ащ.

XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм адыгэхэм я жылагъуэ гъащIэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр кьихутэжкуэр, къэбэрдейхэм я феодальнэ псоуцIэ-зэхэтыкIэм пылIауэ щыта гутъуеуэкь интхэм япэу и гугъу зыщIар Къэжэр Валерэщ. ИужькIэ «Кризис традиционного феодализма в Кабарде» (1986 гг.) и лэжьыгъэм ар зыубгъуауэ щIэзэпкърихащ. Абы тетхуауэ илъэс куэдкIэ игирГьакIуэкIа къэхутэныгъэхэр щызэхуэхъэсащ «Адыгская хаса. Из истории сословно-представительских учреждений феодальной Черкесии» (Налшык, 1992 гъ.), «Адыгская вотчина. К проблеме основной социальной единицы адыгского феодального общества» (Налшык, 1993 гъ.), «Традиционные общественные институты кабардинцев и их кризис в конце XVIII - первой половине XIX вв.» и лэжьыгъэм тхыдэм щыщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щызэхIэльихьащ. Адыгэм и тхыдэм теуХуа и кьахутэныгъэхэм кьрикIуахэм щIэныгъэлI гупым яГъэхъэзыра лэжьыгъэхэм: «Современная государственность Кабардино-Балкарии: истоки, пути становления, проблемы» (1999), «Адыгэ (шэрджэс) щIэнгъуаз» (М., 2006), «Северный Кавказ в составе Российской империи» (М., 2007) зыщригъэубгъуащ.

Къэжэр В. Хь. и жэрдэмкIэ, «Исторический вестник»-р 2005 гъэм КъБИГИ-м къыщыдагъэкIыу щIадзащ. Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, дуней псом цыIэрыIуэ адыгэ лъэпкъ тхыдэм и псоми щыгъуаэзэт, и еджакIуэхэм яхуэсакъ зэпыт, Iуэхум тригъэгушхуэрт.

Къэжэр Валерэ Хьэшыр и къуэр гупатегъэшхуэ зыбГъэдэлъ, зи псэр зэIуха ныбжьэгъу пэжу, егъэджакIуэ Iущу икIи емызэшыжу дунейм тетащ, апхуэдэу игъащIэ Iуэ и дунейм гуп кьинэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэр.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щIэныгъэ лэжьакIуэхэр щыщIыхьэ щIэныгъэ щыщIыхьэ тхыдэзэ щIэрыIуэ **Къэжэр Валерэ Хьэшыр и къуэр** дунейм зэрехьажар икIи абы и Iыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Дэ къытхуатх

ЛIыгъэмрэ щIыхьымрэ я хабзэ

Сочиненэм зи Iэдакъэщ1экI Уэхъутэ Беллэ. *2012 гъэ*

***Щыхубзр къыщIепсэуфынур гущIэгъуэрэ зэхэщIыкIрэ я зэхуакуэ дэлъу щытмэщ. Ахэр жылагъуэр щызыгъэIэ, зэхэтыкIэр гуапэ зыщI Iуэхугъуэщ. Си тхыгъэм и пэщIэдзэу сыкъыщалъхуа Беслъэней жылэжьым дзэ нэхъыжьхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ, псом хуэмыдэу, сыкъызыхэкIа унагъуэм, Леннинград щыщ хьыджэбз цIыкIу - Уэхъутэ ФатIимэ - зыпIа си адэм и адэшхуэмрэ зэиШхуэмрэ - Уэхъутэ Абдурэхьманрэ Щащэрэ.**

СЭ СРИГУШХУЭУ кьыхэзгъэсащыну сыхуейщ зи гугъу сщIы ФатIимэ и дэлъхуэм и гуэрэн сы-зэрипхър. Си анэшхуэ Майерэ си адэмрэ жаIэж хьыбарэхмкIэ сэ кьэсщIащ, Хэку зауэшхуэм и зэманым Ленинград щыщ сабийхэр ди жылэм кьаашауэ зэрыщытар. Ахэр кьурушм зэпрыкIыну адэкIэ яшэн хуейуэ арат, нэмыцхэхэм щагъэпщкIун папщIэ. Ди лъахэм кьыщысам кьару ямыIэжу, мэжэщIалIагъэм игъэхьщIэу гум ист сабий гупыр. Абыхэм ящыщт Иванов Катя хьыджэбз цыкIури. Лей зытехьэ урыс сабийхэр зэрыстуриа кьуажэдэсхэм цыкIухэр унэ-унэкIэ зэбграхьи щIадзащ. Кьащтэр хьэзабым нэхъ кьыхитIэщIа, кьаруушэ дыдэ хъуа, адэкIэ гъуэгур зыхуэмыхьыжьыгъэрат.

Си адэм и адэшхуэм кьуэ иIэт, ауэ хьыджэбз сырыху фагъуэ цыкIур кьыщилъагъуэм, егупсысащ: «Мы цIыкIур пхъу схуэхъунщ, си кьуэм и шыпхъу нэхъыжьу кьэхъунщ». Бэлъхьэр зи нэгу кьрих пщащэ Iэмащ1эльмащIэ цыкIур эыми яхуэкIуэртэкьым, игу хэщIу гум ист. Абы щыгъуэм си адэм и адэшхуэр бгъэдыхьэри жриIащ: «Си хьыджэбз цыкIу, зыми ущымыщтэ, уэрэ сэрэ тщIэтыр зыльщ, тIури дыцIыхуущ! Сипхъу укьызоштэ!»

Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр зэхэзыхьа хьыджэбз цыкIум и нэгур зылъыIуихри, кьыбГъэдыхьа лIым и Iэр иубыдащ, дади ар и Iэблэм тригъэтIысхьэри, я унэ ихьащ. Бэзащ1эу, кьаруушэу, мэжалIэу, гъуэгу кIыхьым, сабэм, хуабэм игъэмэхауэ кьэса хьыджэбз цыкIум зыхищIащ адэм и хуабэр, и щхьэр дадэм и дамащхьэм трильхьэри, зиущхэхуащ. Апхуэдэу унэм щыщIыхьэжьым, нанэм и нэпсхэр кьыфIекIуат, гум ису ильэгъуа сабий мэжэщIалIэ кьомымрэ хьыджэбз цыкIымрэ ятелъ бэлъхьэу игу щыхьэрэн.

Абы щыгъуэм пщащэ цыкIум ФатIимэ фIащри, Ивановэ Катя Уэхъутэ ФатIимэкIэ адэжь хъуащ. Ленинград кьрашауэ кьуажэдэсым ящыну кьашта адрей сабийхэми хуэдэу, хьыджэбз цыкIур Уэхъутэ Абдурэхьманрэ Щащэрэ я унагъуэм еIуу этхащ, нэмыцхэм кьрамыгъэщIэн папщIэ.

Зэман дэкIри, ФатIимэ адыгэ пщащэ нэсу кьыдэжьуэтеящ. Адыгэ зэрыпсыхьуэ, дриГъащIэри, псэуху абы ирипсельащ, адыгэ хабзэр зэрихьащ, абы и дэтхэнэ Iыхьэми пщIэ хуищу.

Уэхъутэхэ я унагъуэр иригушхуэрт я хьыджэбзым. ШлалэкIэ къомымрэ хьыджэбз цыкIымрэ ятелъ бэлъхьэрэ игу щыхьэрэн.

Абы щыгъуэм пщащэ цыкIум ФатIимэ фIащри, Ивановэ Катя Уэхъутэ ФатIимэкIэ адэжь хъуащ. Ленинград кьрашауэ кьуажэдэсым ящыну кьашта адрей сабийхэми хуэдэу, хьыджэбз цыкIур Уэхъутэ Абдурэхьманрэ Щащэрэ я унагъуэм еIуу этхащ, нэмыцхэм кьрамыгъэщIэн папщIэ.

Уэхъутэхэ я унагъуэр иригушхуэрт я хьыджэбзым. Щалэхэр зыхукъуэлIэ хъуа пщащэ тхъэIухудыр унагъуэ ихьащ. ЗыдэжкIуари ФатIимэ щыщIи, бынунагъуэшхуэу тIысыжащ. Жылэм дэсащ ар пщIэрэ щыхьэрэ ивэу.

Абы сыщегупсыскIэ, сигу хохьуэ: «Сэ Беслъэней сыдэсщ. Сыкьыщыхьуари зауэм и зэманым лIыгъэ зезыхьа унагъуэщ». А лъэхъэнэм нэмыцхэм унафэ кьыхуащIат, Ленинградрадэсхэм я щIэблэм щыщ къэзыщта унагъуэхэр зэтрауклэн хуейуэ. Катя зыпIыну мурад зыщIа дадэрэ нанри щыгъуэзэт апхуэдэ гущIэгъунщагъэм. Ауэ адыгэ хабзэм кьызэриГъэувым, цIыкIугъэмрэ лIыгъэмрэ кьыззрееэгъым ипкъ иткIэ, урыс хьыджэбз цыкIум и гъащIэр хуахьуэмэнир нэхъ кьыхахащ. Кьыппэлъэр ажалу щытми, лей зытехьа цIыкIум удэпыкъунракъэ лIыгъэ хьужьр?!

Насып яIэу кьыщIэкIынти, Ленинград щыщ сабийхэр кьызэращтамкIэ зыми нэмыцхэм бзэгу хуахьакьым. Арп хохьэ адыгэ бзэзэм - псапэ, гуапэ зыщIэ цIыхум удэIэпыкъу. Ищхъэрэ бзэм и ныбжьыгъэ кIыхьым, ар адыгэ хабзэрауэ зэрыщытри наIуэщ. Апхуэдэ Iуэху щхьэпэ зыIэжьа, лей зытехьа сабийхэм ядэIэпыкъуа ди нэхъыжьфIэхэм я щIэблэр езыхэм яхуэфащэу къыззрыхъунум щэч хэлъкьым, я адэшхуэхэм я Iуэхущафэхэр я Iуэззэрэ абыхэм я хабзэхэр я Iэпэгъуу.

1942 гъэм урыс хьыджэбзыр нэмыцэхэм ящIызыхьума Уэхъутэ Щащэ и ныбэ Майе *(Беллэ и анэшхуэщ)* **бгъурыту.** *1955 гъэ*

Уэхъутэ ФатIимэ и дэлъху нэхъыщIэ Уэхъутэ Мухьэмэд *(щытхъэ и зэхуаку дэтщ)* **и къуажэгъуэмрэ ныбжьэгъуэмрэ и гъусэу.** *1966 гъэ*

Налшык къалэм и курыт еджапІэ №32-м и щыхубэ литературэ театру ІутІыж Борис и цІэр зезыхьэм и унафэщІ, КъБР-м тхыдэжьэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Тхьэзэплыж Ислам ныбжьыщІэ театрыр ныбжьыкІэхэм ялэсу, ныбжьыкІэхэм ялъэпсыхьэ щрикъум ирихьлІэу упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащІ.

- Ислам, республикэм и щэнхабзэмрэ гъэхъэзмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуэпщІам быдыгъуаэзщ. Ар Іэщ1агъэ зэрыпхуэхъуам утегъэгъэпсыхьыкІыну.

- Москва щэнхабзэмкІэ и къэрал институтым (иджы университетщ) и театрым и режиссер кІудамэр 1971 гъэм кІэзухащ. Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым къэзгъэзэжкри, актеру, режиссеру ильэситхукІэ сыщылэжьащ. А зэманым кІриубыдэу спектаклищ згъэуващ, театрым сыщыджэгущ. Роль нэхъ ин дыдэ щызгъэзэщІэну кІыскухкуар «Жин фІыщІ» спектаклырщ. Ди артист гъуэзэджэхэу Дыщэкі Кіунэ, Тхьэзэплыж Аэрэт, Срыкъуэ ХьэмбІэч, ЖыкІэмыкъу Кіунэ, Мысостышхуэ Пщыз3эбий сымэ сахыхьагъащІэу а пьесэм делэжьыш щІэздзэуэ щытащ.

КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм 1976 - 2003 гъэхэм сыщылэжьащ инспектору, инспектор нэхъыжьу, Іэщ1агъэпІ нэхъыщхьэу, гъуэдзкэмкІэ кІудамэм и унафэщІу, щэнхабзэмкІэ министрым и куэдзэу. А зэманым си творческэ лэжьыгъэри Іэщ1ыб сщІакъым. Къералым, республикэм и махуэшхуэхэм хуагъэхьэзыр концерт программэ инхэр кІыз3эзыгъэпэщІахэм сахэтащ. Апхуэдизу, псалъэм папщІэ, Москва, Липецк, Ростов къалэхэм, Ярославль областым, Адыгэ Республикэм, нэгъуэщ1 щІыпІэхэм КъБР-м и щэнхабзэм и махуэхэу щедгъэкІуэкІахэр. КьыщыгъэмыщІауэ, министерствэм сыщыщылэжьа зэманым режиссер Іэщ1агъэри Іэщ1ыб сщІакъым. 1989 гъэм щыщІэдзауэ 1991 гъэм щыщІэдзэгъэ 20-м щІигъукІэ училищэм, курыт школхэм театр студие кІыщыщ3эзгъэпэщІуэр сылъэжьащ, ІутІыж Борис и цІэр зезыхьэ литературэ, театрым и лъабжьэр щыдгъэтІылъари абы щыгъуэщ.

- Ислам, литературэ, театрэ кІыз3эрыз3бгъэпэщам, абы щебгъэкІуэкІ дэжьыгъэм я гугъу кІыптхуэщІыт.

- Пенсэм сыкІуэзу зыщыз3гъэпсэхуну ныбжьыр кІыщІагъэм, си хьэл-щэныбрэ псэукІэмрэ унэм щІэсыныр зэремызэгъэныр кІызгурыІуащ. Апхуэдэу щыхъум, Сабий творческэмкІэ республикэ унэм 2004 гъэм лэжьэн щыщІэздзащ. Абы ныбжьыщІэу минитхум щІигъу зэрекІуалІэр къэпльитэмэ, гурыІуэгъуэщ, театр кІыз3эбгъэпэщІан папщІэ, уэзыхуеину псори абы кІыз3эрыщІыпльмысыныр. Дылъжьэн папщІэ Іэмал псори Налшык къалэм и курыт еджапІэ № 32-м щыІэщ: репетицэ щедгъэкІуэжьын пэши, зыкъыщ1дгъэлъэгъуэн утыкум, ди хьэпшІыпхэр щытхъужьмэ планэпсин.

90 гъэхэм Кэнжэ кІыщыз3эзгъэпщІауэ щытэ драмкуужокым иджы сыщылажьэ школым и унафэщІ Блэныкъ Къазбэчи хэту щытащ. Ар къэзгъэсэбэнщ, ди унафэщІымрэ абыхэрэ зэпльыщІэри, еджапІэм литературэ театрыр щыщІыжьэну зэгурыІуащ.

«Джэгуакіуэ» зыфІэтща ди студием ныбжьыщІэ 25-рэ къэкІуапІэ. Абы щыщІу щ1ыхьэзыщІплІщ нэгъуэщІ школхэм къикІыр, нэхъыбэр мы еджапІэм щыщІ. Араущи, Іэмальпшэу джэгуакіуэхэр сахуеят хьумэ, сабийхэр псынщІэу кІыз3оГъуэт. Нэхъыщхьэр дилэжьыгъэр зэблэмыуныращ.

Тхьэзэплъыж Ислам.

ЛІуп Ислам№э Сэбаншы Залинэрэ «Къамботрэ Лацэр» спектаклым щоджэгу.

Куэд дыдэ къызэщІэзыубыдэ школ театр

● Гъуазджэ

ІутІыж Борис и «МафІащхьэтыхь» теплъэгъуэм щыщщ.

Сабийхэм утыку итыкІэ ебгъащІэу спектаклым щыбгъэджэгун, сценэм мыукІытэу иту ебгъэсэн папщІэ, нэхъ машІэ дыдэу ильэкІэ е тІуакІэ уадэлэжьэн хуейщ. НыбжьыщІэхэм я псэльэкІэм, я жьэнахуагъэм зегъэужьным солІалІэ. Ар зэбгъэхъуплІэныбмкІэ ІэмальфІщ псальэжьхэр, псальэ зэрыуэрхэр, псынщІэрыпсальэхэр. Куэд ельытащ артистхэр я пэм кьымыпсэльыкІыу, жьаІэ гурыІуэгъуэу, и гъусэм едэІуэфу утыку итыным. Араущ адыгэ студиеу кІыз3эдгъэпщІа мы театрым и къалэн нэхъыщхьэри.

Школ театрыр кІыз3эгъэпэщыным гугъуехь нэхъ ин дыдэу хэльыр сабийхэр утыку итыкІэ хуэбгъэхъэсыну спектаклхэм щыджэгуф щ1ыхьмрэ школыр кІыщагъхьмрэ зэрызэтехуэщ. Иджы Іэмалу щыІэр сыт? НыбжьыщІэхэр нэхъ пасэу кІыкІэхьныращ, ауэ ещанэ, еплІанэ классхэм щеджэхэм театрыр зищІысыр кІагурыбгъэІуэну, театрыбгъэкІэ уепсэлъэну гугъущ. ИльэситІым кІыруубыдэу сабийхэр утыкум щ1ызекІуэфу, щ1ызэпсэльэфу, щ1агупсысэфу егъэсэн хуейщ, ар зи къащІэныр студиеращ. Абы зыщ1ызыгъэз1ыкІуэр спектаклхэм щоджэгуф, литературэ театрым и джэгуакІуэу залъытэж мэхъу.

ЖьІалтхэщ, ІутІыж Борис хуэдэ тхакІуэ, драматург Іэзэ, драмэ гъуэзджэм фІыуэ хэзащІыкІ адыгэм дыз3яримыІар. Пьесэ 25-м нэблагъэ итхати, и зы тхыгъэ семыджэу блэзгъэкІакьым. Пьеси 10-м нэблагъэ къэтщтащ. Театрым дыдэлажьэуэрэ Борис и пьесэ зыбжанэ - «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Эдип» жьпІэми, дгъэуващ. Абы и пьесэхэм литературэ нэгъэсар я лъабжьэщ, я бзэр кІуалейщ, удэзыльхэщ. Кьэбэрдеймк литературэ гъуэзджэм апхуэдизу хэльхьэныгъэ зэрыхунщІам кригъэгупсысащ ди школ театрыр ІутІыж Борис и творчествэм нэхъ зэрыпэгъунэгъум. Апхуэдэу, хуэмурэ и тхыгъэхэр кьатщтэурэ, сабийхэм адыгэбзэмкІэ сэлэжьакІуэ щ1эздзащ. Усэбзэкіэ тха тхыгъэхэрт гулыпІэ нэхъ зыхуэсщІыр. Ди жагъуэ зэрыпхъунщІ, Щоджэнщ1ыкІу Алий драматургыр щытащ кІым. «Къамботрэ Лацэрэ» романыр, «Мадинэ» поэмэр усэбзэкІэ тхащ, ауэ абыхэм елэжьыжьа нэгъуэщІ тхакІуэхэм пьесэ теплъэ ираташ.

Литературэм и классикхэр дкиным школ программэм зэман машІэщ хухахыр. Псальэм папщІэ, Лермонтов Михаил зымыщІыкІу, абы я тхыгъэ гъуэзэджэхэм емыджа куэд щ1ыІэщ. Араущ ди лъэпкъ литературэм, абы и драматургием деж дыкъыщ1эзэтемыцІыу Лермонтов Михаил и «Къуэрыкіуэсжьыр» бгырыс хъыбарыр спектаклу щІэдгъэувар. Урыс тхакІуэщхьэхэу Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Толстой Лев сымэ, нэгъуэщІхэми адыгэ лъэпкъым зэрытетхыхьам щызгъэгъуэзэну си мурадщ. Псальэм папщІ, Лермонтовым Михаил зымыщІыкІу, абы я кьиІьагъуу, нэхъ тпэгъунэгъуу икІи игу кьытщІэгъуу щытащ. Араущ абы и тхыгъэхэм гулыпІэ щІыхьэтщІам и щхьэусыгъуэри. Сабий тхакІуэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ Чуковский Корней и «Таракание» тхыгъэри дгъэуващ.

Ягъэ дыдэу утыку кьитхьар ІутІыж Борис и «Нартхэ я дыгъэ» пьесэм кьытетщІыкІа спектаклым и ягъэ Іыхьэщ. Абы кьыкІэлъыкІуащ Щоджэнщ1ыкІу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым кьытетщІыкІар.

- Театрым лэжьэн зэрыщІдзэрэ зэман куэд дымыкІами, зэрфІзвгъэкІахэр машІэкъым. Дяпэкіэ сытхъэ фелэжьыну фи мурад?

- Пэж дыдэу, иджыри лэжьыгъэшхуэ кьытпэщылъщ. Тхакіуэ, усакіуэ тельыджэ Мэшбашэ Искьэкъ и усэхэм кьытетщІыкІа литературэ композицэм иджыпсту долэжь. Айтматов Чингиз и «Махуэр лІэщІыгъуэм нэхърэ нэхъ кІыхьыр» тхыгъэм щыщ пычыгъуэ адыгэбзэм кІыз3ъэзагъэу инсценировкэ сщІыну си мурадщ. Нэхъ ищхьэкІэ зэрыжьыСлащи, ди театрым ІутІыж Борис и тхыгъэхэм сэт щыгъуэ увыпІэ хэха щаубыдынущ.

Ди театрым литературэ лъабжьэфІ иІэн папщІэ, усэбзэр нэхъ текІуэу щытын хуейуэ кІыз3ольыгъэ. Адыгэбзэм ирипсалъэ дэтхэнэми литературэбзэр ищІэркъым. Кьыз3эрыгуэкІ бзэмрэ литературбзэмрэ зэщхьэщокІ. А Іуэхум елэжьын, сабийхэм я гур купщІэ зиІэ, бзэ кьулейкІэ тха усэм кьыхуэзІухьн хуейщ.

- Адыгэбзэм и щытыкІэм, дапщэщи хуэдэу, иджыпстуи куэд егъэгъазэ... ЩІэблэм я анэдэлъхубзэр егъэфІэкІуэныкмкІэ, даун, театрыр ІэмальфІщ...

- Адыгэбзэм и щытыкІэм утегуэзвыхьми, куэдрэ ущытетхъэусыхэм щІэкъым. Утхьэусыхэ нэхърэ утелажьэмэ, щхьэж езым хуэзфІэкІ машІэр хилъхьэмэ нэхъыфІщ. Сэ схуэзфІэкІыр арати, зи бзэм ирипсэльэну, иригупсысэну кІыз3эгугъэжьі ныбжьыфІщ. Сыхьджэбз гуп зэхуэсщэсауэ садолажьэ, си щ3ныгъэмкІэ садогуащ. Школ театрыр кІыщІыз3дгъэпэщащ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ адыгэбзэм курыт школым щыхухах сыхьэт бжыгъэр зэрымащІэр, кьэбэрдей литературэр кууэ ныбжьыщІэхэм ирагъэджкІну Іэмал зэрамыІэр. Школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэжьэм урок зэІуха щаткІэ, театрым и Іэмальэр кІыз3эрагъэсэбэпыну щІыкІэмкІэ чэнджэщэгъэу сахуохьу.

«Нартхэ я дыгъэ» спектаклыр щІыдгъэувым, Ныр Астемыр си деж къэжьат, адыгэбзэкІэ зы псальэ имыщІэу. Абы зэрыжиІэмкІэ, и анэдэлъхубзэр зригъэщІэну щІэхъуэпсырт. Пэжыр жьпІэмэ, щІалэм и псэльэкІэм щэч кьытрызигъэхьат ар хуэзфІэкІыным. Ауэ зы ильэсым кІыриубыдэу бзэр абы фІыуэ кІыз3эриштар умыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Пэжу, щІалэр гугъу езгъэхьащ. Спектаклым хэт тхьэмадэм и ролыр зыгъэзащІэрат псальэ нэхъыбэр дыдэ зиІэр. Астемыр и теплъэкІэ, и хьэл-щэнкІэ абы нэхъ зэрыпэгъунэгъур кьэсльытэри, а ролыр хуэзгъэфэщащ.

Театрым ухэтыну гугъущ, куэд уеджэн, угупсысэн, кьэхутэныгъэ зэхуэмыдэхэр ебгъэкІуэкІын, тхыгъэр зи Іэдакъэщ1экІым и гъащІэмрэ и гущІэмрэ пэгъунэгъу зыщІын, ар щекІуэкІ лъэхъэнэм зыхэбгъэгъуэзэн жьхуэпІэхэр лъэкІыгъэ кІыз3эрыгъэжькым.

- Ислам, кІыз3эрыз3гуры-Іуамкіэ, театр гъуэзджэм кьыдэкІуэу, ныбжьыщІэхэр хабзэм, нэмысым хьиогъэгъуаз, художественэ тхыгъэхэр къзвгъэсэбэпкІэрэ...

- Апхуэдэ щапхъэхэр гъуэнэжьми, мы зы Іуэхугъуэр кьэзгъэльэгъунэщ. Щоджэнщ1ыкІу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романыр хьиджэбзымрэ зэрызэхуэзам, ягурыщІэгъэІуэну нужь ситт дэтхэнэ зы адэ-анэми я быныр насыпыфІэ хьумэ нэхъ кІыз3эращтэр. Мыбдежьми Дадусэ и пхъэр фІыуэ и ипьэгъум дигъэкІуэсэну хэтми, жагъуэлІэм иримыщІэн папщІэ а Іэмалым хуэмІауэ арат. Дзэрий и мылькум хэкІыжьми, Мадинэ Заур насыпыфІэ дэхъуныр нэхъ кьищтэрт, армыхьымэ, пщІэ иІэу, екІуу, хабзэм тету пхьур унагъуэ хьуным дэтхэнэри зэрыщІэзыгъуэну. Ауэ зы ильэсым сэнэхьатрэ пщІыкІым, Дадусэ и ролыр зыгъэзащІэ хьыджэбз щ1ыкІур абы арэзы техьуакьым, мылькуэ зиІэ Джэрий зэрыдэмыкІыр Іуэхум елэжьын, сабийхэм я гур кунщІэ зиІэ, бзэ кьулейкІэ тха усэм кьыкъуэзІухьн хуейщ.

- Адыгэбзэм и щытыкІэм, дапщэщи хуэдэу, иджыпстуи куэд егъэгъазэ... ЩІэблэм я анэдэлъхубзэр егъэфІэкІуэныкмкІэ, даун, театрыр ІэмальфІщ...

Си гъэсэн дэтхэнэ джэгуакІуэ ныбжьыщІэри ІутІыж Борис и цІэр зезыхьэ литературэ театрым иригушхуэу, иripапгэу щІидзэмэ, си мурадщ кІыз3экъулІауэ слыитэнущ.

Епсэльар
ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

«МафІащхьэтыхь» теплъэгъуэм сабийхэр щоджэгу.
Сурэтхэр **РЕВЕЛИЙ Валерий** *трихащ.*

Зыужьынытэр зи плъапІэхэр

● Щ1эныгъэ

Налшык къалэ щыІэ «Чайка» зыгъэпсэхуу1эм и джыблагъэ щ1ыхэхтащ дунейпсо щІэныгъэ конференц, «Проблемы методологии исследования государственно-правового развития народов Кавказа» фІэщыгъэр иІэу. Махуиткіэ екіуэкіа зэІуущІэм къырихьэлІат щІэныгъэлІ куэд. Абыхэм ящыщт Ереван щыІэ «Манч» университетым и ректор Авакян Рубен, Баку дэт къэрал университетым и юридическэ къудамэм и декан Алиев Амир, Дон Іус Ростов щыІэ юридическэ институтым и профессор Шапсыгъ Дамир, Дагъыстэн къэрал университетым и профессор Исмаилов Магомед, нэгъуэщІхэри.

КОНФЕРЕНЦЫМ и лэжьыгъэм щІидзэн и пэ къихуэу, къызэхуэсахэм фІэхъус псальэжьІэ захуигъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу дакъыкъэкІэ щыма нэужь, абы жиІащ мыпхуэдэ зэІуущІэхэр Кавказ щІыпІэхэм щекІуэкІыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр, ахэр зытепсэлъыхьыну Іуэхугъуэхэр хабзэм ирилажьэхэм я дежкІэ зэрыщхьэпэр.

УнэтІныгъэ зыбжанэм тещІыкьуэу екІуэкІа конференцым и пэублэ зэІуущІэм къыщІепсэльахэм я лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуагъэу щытар утыку кхрахьа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэрат: Кавказым щ1ыпсэу лъэпкъхэм я къэрал-хабзэ зыужьыкІэм и къэхутэкІэм теуха Іуэху елпльыкІэхэм, лъэпкъ щхьэхуэхэм я къэралгъуэ зыужьыкІэм и тхьдэмкІэ щытар хуэмащІэ зэрыпэгъунэгъуэр дунейпсо зэхуэщытыкІэхэм Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр зэрыхьихьэфымрэ.

Кьыхэзгъэщ1ыну сыхуейт Баку кьиКІа щІэныгъэлІ Авакян Рубен и лэжьыгъэм хэлъа кьэхутэныгъэхэр куэдым гъэщІэгъэуэн зэращ1ыхьуар. Абы кьызэригъэльэгъуаму1э, ижь зэманым и тхьдэм ухэплъэжмэ, Кавказым щ1ыпсэуа лъэпкъхэмрэ ермэлыхэмрэ я суд щІэкІэмрэ хабзэ зехьэкІэмрэ зэщ1ыку куэд хэльащ. Хьэт къэралыгъуэмрэ Киликие армян пщ1ыгъэмрэ я судебникхэм зэтехуэу кьыщагъуэтахэр щ1ыхьэт тохъуэ тхьэуэ зэриІэу елпльыкІам.

- Мы конференцым мыхьэнэшхуэ зэриІэр хэт дежкІи гурыІуэгъуэщ. Абы и фІыгъэкІэ ди тхьдэм и напэкІуэцІхэм иджыри зэ дриплъжакщ, блэкІам гульытэ зэрыхуэтщІыр къэдгъэльэгъащ, - жиІащ профессор Авакян.

Конференцым и секцэхэм щІэныгъэ лэжьыгъэ 30-м нэс къыщагъэльэгъуащ.

Дон Іус Ростов щыІэ юридическэ институтым и профессор Шапсыгъ Дамир кьызэрыджиІамкІэ, мыпхуэдэ зэІуущІэхэр илъэс ещанэ хьуауэ зэхуащІэ. Мыбы кьыщІэта Іуэхугъуэхэм хуэгъэзащІ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ щІэныгъэлІ гупым. Абыхэм ящыщщ «Антология памятников права народов Кавказа» фІэщыгъэщІэр иІэу тхьилъ 11 кьыдгъэкІар. А бжыгъэм щ1ыщу 5-р адыгэхэм, къэзакъэхэм, кьалмыкъэхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм ятеухуащ.

- ИпэкІэ екІуэкІа зэІуущІэм нобэрейр кьаэзрыльхэщ1ыкІыр сыт жьпІэмэ, дэ иджы и гугъу тщІащ лъэпкъ тхьдэхэм къыщІэльэгъуа Іуэхугъуэхэм худи1э елпльыкІэм зегъэхъуэжьын зэрыхуейм. Цыхухэм я гупсысэкІэр зэрыз3этемыхуэм хуэдэу, щІэныгъэлІхэм я Іуэху елпльыкІэхэри зэхуэмыдэщ. Ауэ, тхьдэ, хабзэ, юридическэ хабзэ я лъэныкъуэкІэ зы Іуэху елпльыкІэ лъэпкъхэм зэдгъэпхъащ, абыхэм лъабжьэу я1эн хуейри Урысей Федераця къэралгъуэм щыгъэува хабззэкрщ, - жиІащ Шапсыгъэм.

ЩОДЖЭН Іэминат.

● Щэнхабзэ

Адыгэ нысашэр ягъэлъагъуэ

Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я хьэгъуэлІыгъуэ щІыпІэ «Росия Іэ каналым документальнэ кинокІу и «Единая медиагруппа» телестудием егъэхъыдэж. Ар федеральнэ каналым мы бжьыхьэм игъэлъэгъуну и мурадщ.

«СВАДЕБНЫЙ генерал» зыфІаща мы проектыр серие 12 хьуну хуагъэфащэ. КъызэрыгуэкІ цІыхухэм я гъащІэмрэ я зэхущытыкІэмрэ кьызэрагъэлъагъуэм и мызакъуэу, лъэпкъ щэнхабзэм хэль щхьэхуэныгъэхэм, псальэм папщІэ, щІалэмрэ хьыджэбзымрэ зэрызэхуэзам, гурыщІэ зэрызэхуащІам тепсэльыхьынущ.

Студием и лэжьакІуэ гупым трихьну хуэнсащ иганаан, (Таймыр тундрэм щыпсэу лъэпкъ щ1ыкІуш), тэгэр, пасэрей урыс хьэгъуэлІыгъуэхэр. Иджы ахэр Налшык щ1ыащ, адыгэ хьэгъуэлІыгъуэр зэрекІуэкІ щІыкІэр трахыу.

Хэгъэрейхэм гуапэ ящ1ыхьащ нэтыным и унафэщІ, и проектхэмкІэ телевизорелпльхэм фІныуэ кьащІыхуа Белоголовцев Сергейрэ адрей лъжьакІуэхэмрэ Іуэхум хэхьэзыру кьызэрыкІуар. Къэбгъэльэгъуэмэ, адыгэхэм я щэнхабзэм, хабзэм теуха куэдым зэрыщІыгъуаз1эм кьыдэкІуэу, лъэпкъ Іуэрыщ1уэгъэм кьыдэкІыр. Кьыжьлапхъэщ гупыр хьэгъуэлІыгъуэм Іэнэщ1у кьызэрымыкІуар, щ1ауэмрэ кьысащІэмрэ сагуэтэкІэ зэрахуэпсар. Белоголовцеври Іыхьэлпщэ ящІакъым - щІакІуэрэ пыІэрэ ираташ. Адыгэ фащэр щ1ыгъу и нэтыныр иригъэкІуэкІыну хэгъэрейхэр кьигъэгугъащ.

Налшык къалэ ЗАГС-м и кьудамэм и унафэщІ Шэру Валентинэ зэрыжиІамкІэ, кином щхьэкІэ хэлъ1ыкъуэмрэ нысашІэмрэ кьыхахакъым. Аэр - налшыкъэ Гажэ Рустамрэ Джэрмэншык кьуажэм щыщ Щоджэн Заирэщ. Я Іэщ1агъэкІэ тІури дохутырщ. Телепроектым и хьэтыркІэ хьэгъуэлІыгъуэм щ1э гуэри халъхьакъым. Рустамрэ Заирэрэ я мызакъуэу, а махуэм иджыри нэчыкъ 25-рэ ятхати, щауэхэмрэ нысашІэхэмрэ кьыхащ1ыныкІам хуэдэу зэкІуат, нэтыным хэбгъахьэну яхуэфащ1ыр.

Шэру Валентинэ кьыхигъэщащ хьэгъуэлІыгъуэр адыгэ хабзэм тету ирагъэкІуэкІынымкІэ республикэм и нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри зэрыракьалэгъуэр: нэхъыбэм адыгэ фащэр ящ1ыгъу нэчыкьыр ирагъэтх, унэишэмрэ щауэншьжьмрэ ящІ.

Мы документальнэ кином дэри нэгъуэщІ нэкІэ дызригъэпльыжьну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, кьапщтэмэ, Кавказым, адрей лъэпкъхэр кьызэрызыщытым фІы и лъэныкъуэкІэ зриГъэхуэжьжьну дыщоГугъ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсиат.

«Дзыхь зрагъэз» телефон

● УВД-м къет

Полицэмрэ щІыхуэхэмрэ я зэпыщІэныгъэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Іуэхущ1апІэу Налшык къалэ щыІэм щагъэуващ «дзыхь зрагъэз» телефон - 49-47-34. Ялэжьа е ялэжьыну я1эгъэхьэзыр щІэпхъаджаГъэхэм, ахэр къызэпыуфыдынымкІэ, зэхэгъэкІынымкІэ, сэтей къащІынымкІэ мыхьэнэ зиІэ, щІэпхъаджаГъэ зылэжьынкІэ хьунухэм я1эгуэха хьыбархэр жэщ-мазуи а телефонымкІэ евгъащІэ хъунущ.

ФЫПСАЛЪЭ полицэм и лэжьакІуэхэм хабзэр къызэпаудамэ, цІыхухэм зэрызыхуагъэзам гулъытэ хуамыщІАмэ. Лэжьэгъуэ махуэм трубкэр кьищтэнущ абыкІэ жэуап зыхь Іэщ1агъэлІым. Зыгъэпсэхугъуэ, махуэшхуэ, апхуэдэуи жэщым зэрызыхуэвгъэзар итхынущ автоответчикым, иужькІэ ар Іуэхущ1апІэм и Іэтащ1экъэм и деж нагъэсынущ. Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэм щІэ и управленэм и унафэщІ хэм, къаІэрыхьа хъыбархэм хэпльэнурэ, ахэр зэфІэхьныкмкІэ хэкІыпІэхэр яубыхунущ.

Щ1ыхуэхэр еыхэм я щынагъуэнщагъэм ирипІейтеймэ е хэтми жаІэну хуэмейм, я цІэр кърамыІуэми хъунущ.

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэм щиІэ и управленэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЦЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жьлаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэмэ Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жьлагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкі - 42-22-86; кьэхуэ гъащІэмрэ экономикэмкІ - 42-57-59; щ1ыхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм я дзлэжьэныкмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщ1ыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІ дахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху елпльыкІэр зэтехуэу зэныту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ и пщ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІынытэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэ зухэмыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыпащІэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щ1экІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэмыхэхэр: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Къаншокъуэ Эллэ, редакторыр ЖьэкІэмыхьу Маринэ, корректорхэр Щоджэн Іинэ (3, 4-нэ нап.), **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзЭныкъуэгъу Мырзэкан ФатІимэ. КомпьютеркІэ газетым и тепльэр щІагъэ* **Ныр Сандэ,** *сурэттхэм елэмыхар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.220 ● Заказ №1440

● КъБР-м и прокуратурэм

Науржаным къуэды тралъхьэ

Аруан районым и прокуратурэм куей судым щыдИыгъащ Науржан А. УФ-м и УК-м и 207-нэ статьямкІэ (террор щІэпхъаджаГъэ яГъэхьэзыр хуэдэу хьыбар нэпцІ зэрарагъэщІамкІэ) зэрагъэкуанщэ уголовнэ Іуэхур.

СУДЫМ кьихутащ Науржан А. чэфу езым и жьп телефонымкІэ Урысей Федерацэм и МВД-м Аруан куейм щиІэ и кьудамэм и 02 телефоным зэрыпсэльар. Абы жиІащ Бахъсэн кьалэ окрутым и щІыпІэ администрацэм Щ1эхабзэмкІэ и унэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 10-м сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-м щ1ыщІэдзауэ сыхьэт 20-м нэсыху лагъым къыщагъэуэну загъэхьэзыр хуэдэу.

А хъыбарыр зэхэгъэкІыным хабзэхъумэхэм я кІаруур хуэящІагъэуІауащ. Абыхэм унэри, абы къегъэщІыпІа щІыпІэри къащ1ащтащ. Къагъауэ Іэмэпсымэ гуэри кьагъуэтакъым.

Судым Науржан А. а щІэпхъаджаГъэр зэрилэжьамкІэ игъэхъэгъэншащ икІи къуэдыуэ сом мини 10 тралъхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Сом мелуанипІ зыкІэщІиупщІат

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм «Эксперт» Іуэхущ1апІэм и унафэщІым теухуа уголовнэ Іуэху кьиІэтащ.

ІУЭХУМ кьыз3эрыхэщ1ыкІэ, А.Р. и кьулыкъур кьигъэсэбэпурэ, бухгалтерием и кассэм ахьшэ щызыІэрригъэхьащ, хозяйствэ Іуэхущ1апІэр зыхуей-зыхуэфІхэм ятригъэкІуэдэн хуэдэу. ИльэситІым кьриубыдэу абы сом мелуани 4 щ1ыхуэу кьытехуащ. И1ужьщІэ, щ1ыхуэр, и щхьэусыгъуэр кьызыхэзщ1 дэфтэрхэр щ1ымыІэу, Іэзхущ1апІэм и унафэщІым щхьэщахащ.

Налшык къалэм Къэралыгъуэ зегъэкІуэныкмкІэ и департаментым кьызэригъэзэщІа «Эксперт» центрым и лэжьыгъэр зэтеуухуар ямыгъэІэпхъуэ ухуэныгъэхэм я уасэр кьэльытэныр.

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.